ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№74 (24.980) ● 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ●

# ПсэукІэр егъэфІэкІуэнымрэ зэгурыІуэныгъэмрэ нэхъапэщ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Парламентым гъэ къэс Зэрызыхуигъазэр дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкІыу сенатору щыІэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, Конституцэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым, хабзэхъумэ органхэм, щІыналъэхэм, КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, политикэ партхэмрэ творческэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лІыкІуэхэр, КъБР-м ЦІыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ, Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ, ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэхэр, дзэ Іуэху хэхам хэт щІалэхэр, журналистхэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ зэІущІэр къызэІуихащ икІи нобэ зыхэплъэнур зы Іуэхугъуэу зэрыщытыр жиІэри, республикэм и Іэтащхьэр къэпсэлъапІэм къригъэблэгъащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Парламентым Зэрызыхуигъазэр зытеухуауэ щытар блэкІа илъэсым щІыналъэм щызэфІагъэкІа лэжьыгъэхэмрэ 2026 гъэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэмрэщ. Гулъытэ хэха хуищІащ социально-экономикэ зэпІэзэрытыныгъэр къызэгъэпэщыным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, республикэм зегъэужьынымкІэ къалэн нэхъыщхьэхэр гъэзэщІэным ехьэлІа Іуэхухэм.

Республикэ УнафэщІым и къэпсэлъэныгъэм и пэщІэдзэм фІыщІэ ин яхуищІащ дзэ Іуэху хэхам хэт ди щІалэхэм. Абы къыхигъэщхьэхукІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сэлэтхэм я дзэ къалэныр екІуу зэрагъэзащІэр, лІыгъэ, хахуагъэ яхэлъу, Хэкум хуэпэжу зауэ губгъуэм зэритыр.

- Хэкум и хъумакІуэхэм зэрахьэ лІыгъэр хэкупсэ нэсым, псэемыблэжыныгъэм, къыщалъхуа лъахэм зэрыхуэпэжым я щапхъэу бгъэлъагъуэ хъунущ, абы хэкІуэда ди лІыхъужьхэм я фэеплъыр республикэм щыпсэухэм я гум игъащІэкІэ илъынущ, - жиІащ абы.

Мыхьэнэшхуэ иІэу къилъытэу, Іэтащхьэм игъэбелджылащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщІагъакъуэ щІыкІэр зэтеублауэ зэрекІуэкІыр, а лэжьыгъэр къызэгъэпэща хъунымкІэ сэбэп хъу псоми фІыщІэ зэрахуищІыр, дзэм къулыкъу щызыщІэхэм, абыхэм я унагъуэхэм, ветеранхэм защІэгъэкъуэныр къэрал унафэщІхэм япэ игъэщыпхъэ я къалэну зэрыщытар иджыри апхуэдэу зэрекІуэкІыр.

ЩІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлІауэ япэ игъэщыпхъэхэм я гугъу щищІым КІуэкІуэ Казбек жиІащ дызыхуэкІуэ лъэхъэнэм, зэманым къигъэув Іуэхугъуэхэр къэлъытауэ, экономикэм зэрызиужь псынщІагъыр къызэтегъэнэныр, цІыхухэм я хэхъуэр къэІэтыныр, хьэрычэтыщІэхэм я жыджэрагъыр дэІыгъыныр, цІыхухэм псэукІэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжыныр къалэн нэхъыщхьэу зэраІэр. Социальнэ пщэрылъ псори гъэзэщІэныр, лъэпкъ проекthэм япкъ иткІэ яубзыхуа Іуэхугъуэхэр гъащІэм хэпщэныр псом япэ зэритыр дыщІигъуащ.

Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъазэм къыщыхигъэщащ экономикэм къыщыхьа бжыгъэ нэхъыщхьэхэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызахъуэжыр, цІыхухэм я псэукІэр зэрефІакІуэр. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, нэгъабэ и кІэухым ВРП-р сом мелард 370-м щІигъуащ, проценти 105,9-кІэ зэрыхэхъуар нэрылъагъуу. ЗыужьыныгъэфІхэр щызыІэрагъэхьащ ІэнатІэ псоми: мэкъумэшым, промышленностым, ухуэныгъэм, туризмэм, сатум, Іуэхутхьэбзэхэм я ІэнатІэм.

Экономикэр ипэкІэ зэрыкІуатэр бюджет ІэнатІэми къыщолъагъуэ: республикэм езым и хэхъуэр сом меларди 3,1-кІэ нэхъыбэ хъуащ, цІыхухэм я хэхъуэхэми зэхъуэкІыныгъэ нэрылъагъухэр игъуэтащ, республикэм ику иту щат улахуэр процент 12,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Нобэ КъБР-м ику иту къыщахь сом 53 250-рэ. ДызыхуэкІуэ лъэхъэнэм лъэпкъ проектхэмрэ республикэ программэхэмрэ гъэзэщІэныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм япэ щигъэщыпхъэ къалэнщ.

2026 гъэм а Іуэхум, зэи къэмыхъуауэ, сом мелард 14,3-рэ хухахынущ. Абы щыщу сом мелард 11,7-р федеральнэ бюджетым и мылъкущ (ар 2025 гъэм елъытауэ сом меларди 4,1-кІэ нэхъыбэщ), сом меларди 2,6-р республикэ бюджетым щыщщ.

Апхуэдэ инвестицэхэм Іэмал къаритынущ социальнэ ІэнатІэмрэ инфраструктурэмрэ егъэфІэкІуэным дяпэкІи пащэну, щІыналъэм и экономикэр нэхъри нэхъ лъэщ ящІыну, цІыхухэм я псэукІэр адэкІи къаІэтыну.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*



## Гузэвэгъуэхэ гъэнщІа жэщ-махуэ 1418-рэ

4-нэ нап.



## Зи зэфІэкІыр лъагэ дохутыр

9-нэ нап.



## Куэд къызэхъулІа Хьэгъэжей Джонсон

10-нэ нап.




11-нэ нап.



## Сабийхэм я таурыхъ лъапсэ

12-нэ нап.

# ПсэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ зэгурыIуэныгъэмрэ нэхъапэщ



*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

КIуэкIуэм жиIащ лъэпкъ проектхэр щагъэзэщIэн хуей пIалъэмрэ Iуэхум и фIагъымрэ набдзэгубдзаплъэу кIэлъыплъын зэрыхуейр. Абы ипкъ иткIэ, Правительствэмрэ щIыпIэ администрацэхэмрэ жылагъуэ лIыкIуэхэр ящIыгъуу лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым зэпымыууэ я нэIэ трагъэтыну унафэ яхуищIащ. Дэтхэнэ Iуэхугъуэри зытеухуэжар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, унагъуэхэм защIэгъэкъуэнырщ.

Унагъуэхэм зэрадэIэпыкъум я гугъу щищIым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пашэм къыхигъэщащ ахэр Iыхьэ куэду зэрызэхэтыр - анэ мылъкур, зи хэхъуэр мащIэ унагъуэхэм зэ тыгъуэу ират пособиер, льготэ ипотекэр. Мы гъэм щыщIэдзауэ сабиитI е нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэм ят налогри ягъэмэщIащ, процетни 6-м нэсу.

Гулъытэ щхьэхуэ хуащI сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр къэхузэгъэпэщынми. 2025 гъэм абы къызэщIиубыдащ сабий 6890-рэ, дызэрыт илъэсым а бжыгъэр мини 10-м щIрагъэгъуну я мурадщ, абы хэтщ СВО-м щыIэхэм я бынхэри.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я фIагъым хэхауэ я нэIэ тетын зэрыхуейр.

Псом хуэмыдэу ар ехьэлIащ гулъытэ нэхъыбэ хуэныкъуэхэмрэ дэхуэхахэмрэ, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэмрэ.

КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм проектхэр зэрыщагъэзащIэм. 2025 гъэм амбулаторэщIэу 8 яухуащ, Налшык лэжьэн щыщIидзащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ поликлиникэм. Медицинэ Iэмэпсымэхэр къэгъэщIэрэщIэжынми пащэ: IуэхущIапIэу 4-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIагъэкIащ, иджыри 4-м а Iуэхур и кIэм нагъэс. Дызэрыт илъэсым узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIи 6 зэрагъэпэщыж, иджыри хым иужь ихьэнущ. 2030 гъэ пщIондэ щIэуэ 34-рэ яухуэну, 23-рэ зыхуей хуагъэзэжыну я мурадщ. «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым и щIыналъэ Iыхьэхэр зэрагъэзащIэм, абы мы гъэм сом мелуан 900-м нэблагъэ зэрыхуаутIыпщынум и гугъу ищIащ Iэтащхьэм.

Спортым щынэсым, КIуэкIуэм къыхигъэщащ гъащIэ узыншэ ехьэкIыным пылъхэм я бжыгъэр илъэс къэс республикэм зэрыщыхэхъуэр и гуапэ зэрыхъур, абыкIэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ къэралым хуищI гулъытэм ар къызэрыпэкIуэр. «Спорт - норма жизни» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ, 2019 гъэ лъандэрэ республикэм IуэхущIапIэу 62-рэ щаухуащ, спорткомплексхэри, ФОК-хэри, спорт пэшхэри хэту, абыхэм ящыщщ къалэн куэд щагъэзащIэ спорт утыку 34-ри.

Спорт IуэхущIапIэхэр ухуэным, зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ. Гулъытэ хэха хуащI физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ цIыху нэхъыбэ къызэщIегъэубыдэным, тренерхэм защIэгъэкъуэным.

Республикэм жыджэру щыпащэ егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэнми. Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, 2025 гъэм «Унагъуэ», «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыщIэхэм япкъ иткIэ, еджапIи 8-м я бжэхэр къызэIуахащ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу 15 зэрагъэпэщыжащ, щIыналъэ зыбжанэм сабий гъэсапIэу плIы щаухуэ, Налшыки егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу иджыри плIы дащIыхьын щIадзащ. 2026 - 2027 гъэхэм школ 57-м, сабий гъэсапIэ 15-м, СПО-м и IуэхущIапIэу 5-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIынущ. Къапщтэмэ, 2027 гъэм и кIэ пщIондэ къагъэщIэрэщIэжынущ республикэм и еджапIэхэм я зэхуэдитIым щIигъур.

Егъэджэныгъэм хыхьэ IэщIагъэ унэтIыныгъэхэми зауж: агроклассхэр, кадет классхэр, естественно-щIэныгъэ дисциплинэхэр кууэ щадж классхэр къызэрагъэпэщащ. «ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм и Iулыджыр къэIэтыным, егъэджэныгъэ IэнатIэм щат улахуэм хэгъэхъуэным долэжь», - жиIащ Iэтащхьэм. Абы ипкъ иткIэ, республикэм и Правительствэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ къулыкъущIапIэхэмрэ къалэн ящищIащ егъэджакIуэхэр я лэжьыгъэм тезыгъэгушхуэ Iэмалхэр ирагъэфIэкIуэну.

ЩIыналъэм и унафэщIым къыхигъэщащ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр нэхъ зэпэщу зэтеублэн зэрыхуейр. Гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ абыхэм я лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным, зыхуейзыхуэфIкIэ къызэгъэпэщыным, республикэм и экономикэм щIэупщIэ щызиIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным.

Ди щIыналъэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьыным теухуа Iуэхури гулъытэншэу къигъэнакъым КIуэкIуэ Казбек. Абы жиIащ иужьрей илъэсхэм а IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэрыщыплъагъур. «ЩIалэгъуалэм папщIэ щIыналъэ» президент программэм ипкъ иткIэ, республикэм къыщызэрагъэпэщащ жэрдэмхэр гъэзэщIэнымкIэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэ хъуа щIалэгъуалэ центру 9. IэщIагъэлI 500-рэ ирагъэджащ щIалэгъуалэм ядэлэжьэфын хуэдэу. Дызэрыт илъэсым иджыри центритI къыщызэIуахыну я мурадщ Дзэлыкъуэ районымрэ Прохладнэмрэ, апхуэдэу илъэс псом лажьэ «Эльбрус» хэкупсэ лагерыр къызэIуахынущ. 2025 гъэм ныбжьыщIэ мин 250-м нэблагъэ къызэщIэзыубыдэ Iуэхугъуэ 200-м щIигъу щрагъэкIуэкIащ ди лъахэм, граждан-хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ мыхъумыщIагъэхэр къэмыгъэхъунымрэ хуэунэтIауэ. Сабийрэ гъэсакIуэу мин 93-м нэблагъэ зэзышалIэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэр» жыджэру мэлажьэ.

Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъазэм Iэтащхьэм гулъытэ хэха щыхуищIащ щэнхабзэ IэнатIэр егъэфIэкIуэнми мыхьэнэшхуэ зэриIэм, жылагъуэм и социальнэ, псэкупсэ зыужьыныгъэм и къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ абы иIэ сэбэпынагъыр къыхигъэщащ. Нэгъабэ ЩэнхабзэмкIэ унэ 20 зыхуей-зыхуэфIкIэ къызэрагъэпэщащ, модель библиотекэу 5 къызэIуахащ, «Земскэ программэм» ипкъ иту, IэщIагъэлIу 8 лэжьапIэ ягъэуващ. Зеикъуэ къуажэм ГъуазджэхэмкIэ и сабий школыр зэрагъэпэщыжащ. ДяпэкIэ я мурадщ ГъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэхэр Налшыкрэ Гундэлэнрэ щаухуэну, библиотекищ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжыну, щэнхабзэмкIэ унэ 26-м, музеищым, ГъуазджэхэмкIэ сабий еджапIищым я щытыкIэр ирагъэфIэкIуэну. Къэрал театрхэм зегъэужьыным сом мелуан 20-м щIигъу хухахынущ. Бахъсэнрэ Дыгулыбгъуейрэ Сабий щэнхабзэ-узэщIакIуэ центрхэр къыщызэIуахыну я мурадщ. «Земский работник культуры» программэмкIэ IэщIагъэлI 15 лэжьапIэ ягъэувынущ. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм субсидиехэмкIэ, саугъэтхэмкIэ, стипендиехэмкIэ зэрызыщIагъакъуэ щIыкIэм пащэнущ.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр гъэбыдэным, лъэпкъ, дин зэгухьэныгъэхэм купщIафIэу дэлэжьэным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэIэным, цIыхубэ зэкъуэтыныгъэмрэ псоми я зэхуэдэ Хэкум хуэпэжынымрэ цIыхубэр къыхуеджэным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр гъэлъэщын зэрыхуейр.

Республикэм и Правительствэм и къалэн нэхъыщхьэу къонэж сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур зэфIэхыныр. Сом мелуан 442-рэ и уасэ псэупIэ зэратым и фIыгъэкIэ, дызэрыт илъэсым и кIэм сабий зеиншэу 198-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

2025 гъэм «ГъащIэм папщIэ инфраструктурэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, жылагъуэ щIыпIэу 40 зэIузэпэщ ящIыжащ. Дызэрыт илъэсым цIыху зекIуапIэу иджыри 35-рэ зыхуей хуагъэзэнущ, «ТекIуэныгъэм и Парк», «Экстрим» проектхэр Налшык щагъэзэщIэнущ.

ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр егъэфIэкIуэнми гулъытэ щхьэхуэ хуащI. Жылагъуэ 15-м псы зэрыкIуэ бжьамийхэр къыщагъэщIэрэщIэжащ, Налшык псы къыщIэшыпIэмрэ псы зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэмрэ егъэфIэкIуэным епха лэжьыгъэхэр щокIуэкI. Апхуэдэу газ здынэмыса щIыпIэхэм йолэжь, унэ 882-м ар ирашэлIащ, мы гъэм иджыри объект 316-рэ пащIэну яубзыхуащ.

Гъуэгу, транспорт инфраструктурэм зегъэужьыным теухуауэ къыщыпсалъэм, гъащIэм и фIагъымрэ экономикэм и зыужьыныгъэмрэ зэран хуэхъу Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу КIуэкIуэм къилъытащ гъуэгухэм я щытыкIэр.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ 2025 гъэм гъуэгу-транспорт IэнатIэм псори зэхэту километр 86-рэ зэрызэригъэпэщыжар. Уэрам уэздыгъэ километр 80-м трагъэуващ, лъэс зекIуапIэу километр 45-рэ, автобус къэувыIэпIэу 100 яухуащ. Псори зэхэту республикэм автомобиль гъуэгуу километри 143-рэ мардэм изагъэу щызэрагъэпэщыжащ. Гулъытэ щхьэхуэ хуащI жылагъуэ транспортым зегъэужьыным: автобусыщIэу 13 къащэхуну я мурадщ, нэхъапэм автобус 44-рэ зыIэрагъэхьащ.

КIуэкIуэ Казбек и гугъу ищIащ промышленностымрэ энергетикэмрэ, мэкъумэш IэнатIэм, туризмэм, хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIумрэ ику итымрэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэм, нэгъуэщIхэми.

- Сыт хуэдиз гугъуехь дрихьэлIэми, республикэм и мылъкур зэпIэзэрыту доIыгъыф, - жиIащ Iэтащхьэм. - 2025 гъэм республикэ бюджетым и хэхъуэр процети 7,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом мелард 67,1-м нэсащ. ДызыхуэкIуэ илъэсищ пIалъэми апхуэдэу екIуэкIынущ: 2026 гъэм хэхъуэхэр сом мелард 72,3-рэ хъуну яубзыхуащ, езым и налог, налогым щымыщ хэхъуэу сом мелард 25-р хэту.

Федеральнэ дэIэпыкъуныгъэри нэхъыбэ хъуащ, ар сом мелард 47,3-м нос, нэгъабэ елъытауэ сом меларди 4,4-кIэ нэхъыбэщ. Зэрыщыту къапщтэмэ, республикэ бюджетым Iэмал къыдитынущ илъэс гъунэгъухэм тещIыхьауэ зыхуэдгъэува социально-экономикэ къалэнхэр зэфIэтхыну, республикэм и макроэкономикэ зэпIэзэрытыныгъэр къызэдгъэпэщыну.

И къэпсэлъэныгъэм и кIэухыу КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ зэкъуэтыныгъэмрэ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ я мыхьэнэр зэрыиныр. Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым гулъытэ хэха хуащI лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ лъапIэныгъэхэр Iэтынымрэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей, къэкIуэну ехъулIэныгъэхэм я лъабжьэр ди жылагъуэр зэрызэкъуэтырщ, социально-политикэ зэпIэзэрытыныгъэрщ, республикэм илъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# ФIым ущызыгъэгугъ куэд къыхощ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Репубикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзамрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2025 гъэм зэфIигъэкIам и отчетымрэ я Iуэхукiэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэм арэзы техъуэн.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2025 гъэм зэфIигъэкIам и отчетыр къэлъытэн.
3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм хэплъэныр япэ иригъэщыну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм къызэрагъэпэщын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 19-м*
*№309-П-П*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзэм дыгъуасэ едэIуа нэужь, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэм ар къазэрыщыхъуар къыджаIащ.***



*КъБР-м и Парламентым и УнафэщI* **Егоровэ Татьянэ**: «Псом япэу къыхэзгъэщынут КъБР-м и Iэтащхьэм хабзэубзыху IуэхущIапIэм Зэрызыхуигъэзэм республикэм и щытыкIэмрэ къалэн пыухыкIахэмрэ зэпкърыхауэ къызэрыщигъэлъэгъуар. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гурыIуэгъуэщ адэкIэ дызытетыну гъуэгур. ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ КъБР-м и Iэтащхьэм и псалъэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм яхуэгъэза фIыщIэкIэ къызэрыщIидзам. Сыту жыпIэмэ, нобэ ди гугъэхэмрэ мурадхэмрэ псори зэлъытар абыхэм я лIыгъэрщ, ахэр къэмылэнджэжу дзэ Iуэху хэхам къигъэзэув къалэнхэр зэрагъэзэщIэрщ. Къыхэзгъэщынут, гугъуехьхэм емылъытауэ, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэпIэзэрыту, уеблэмэ ефIакIуэу зэрекIуэкIыр: лэжьапIэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм къыщIагъэкIхэм хохъуэ, цIыхухэм зэрызащIэдгъакъуэ Iэмалхэр идогъэфIакIуэ, я псэукIэм зыдогъэужь. Нэхъ ипэкIи хуэдэу, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ щIынымрэ унагъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ. Абыхэм я лъэныкъуэкIэ куэд тхузэфIэкIащ, дяпэкIи лэжьыгъэм пытщэнущ. Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, илъэс къэс республикэм ику ит лэжьапщIэм щыхэгъэхъуэным, хуэмыщIахэм защIэгъэкъуэным, унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуным хуэгъэза Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэри къыдогъэсэбэп. Къалъхум и бжыгъэм хэгъэхъуэным, бынунагъуэшхуэхэм я пщIэр къэIэтыным гулъытэ хэха щегъуэт республикэм. Нобэ егъэджэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ IэнатIэхэм зегъэужьыным иужь дитщ икIи зэман гъунэгъум а унэтIыныгъэ псори зэредгъэфIэкIуэнум епха лэжьыгъэр къытпэщылъщ. КъБР-м и Iэтащхьэм экономикэм ехьэлIауэ къигъэува пщэрылъхэм ящыщщ щIыналъэм къилэжьым хэгъэхъуэныр, промышленностым, мэкъумэшым, нэгъуэщI IэнатIэхэми нобэрей технологиехэр къыщыгъэсэбэпынымрэ абыхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъунымрэ. Нэхъыщхьэращи, КIуэкIуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм дыкъызэщIэзыгъэушэ, фIым дыщызыгъэгугъ куэд къыхэщащ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр щхьэпэну къызолъытэ республикэм и зыужьыныгъэмкIэ ди пщэрылъхэр тхуэгъэзэщIэным хуэгъэзауэ».



*КъБР-м и Парламентым Бюджетымкiэ, налогхэмрэ финанс Iуэхухэмкiэ и комитетым и унафэщI, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и тхьэмадэ* **АфэщIагъуэ Михаил**: «КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ Iуэхугъуиплым сыкъытеувыIэнт. Псом япэр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрызащIэдгъэкъуэну къалэнхэрщ. ЕтIуанэу къыхэзгъэщынут республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуа пщэрылъхэр. Сызэреплъымкiэ, къалэнхэм я нэхъыщхьэр щIыналъэм къилэжьым хэгъэхъуэнырщ. КъищынэмыщIауэ, къэрал, республикэ Iуэхухэмрэ программэхэмрэ гъэзэщIа хъунырщ - мы гъэм а лэжьыгъэм сом мелард 14-м щIигъу хухахащ. Ахъшэр зэгъэзэхуэн зэрыхуейм и мызакъуэу, лэжьыгъэ псори къызыхуэтыншэу зэфIэдгъэкIыпхъэщ. Щхьэхуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ республикэм езым и хэхъуэхэри нэхъыбэ тщIыныр. Нэгъабэ елъытауэ сом меларди 3-кIэ нэхъыбэ ар тхуэщIащ, икIи абдеж дыкъыщызэтеувыIэ хъунукъым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ социально-экономикэ гугъуехьхэр къызэднэкIын папщIэ. КIуэкIуэ Казбек къытеувыIащ 2026 гъэм хэхыныгъэхэр зыхуей хуэзэу къызэдгъэпэщын зэрыхуейми. Республикэм и къэрал щIыхуэм и гугъу тщIымэ, республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщащи, илъэсым и пэм ар сом меларди 7,7-м нэблагъэ хъууэ щытамэ, иджыпсту - сом меларди 5,2-рэщ. Дызэреплъымкiэ, гугъэфIхэр тщIы хъунущ мы гъэр нэгъабэ нэхърэ нэхъыфIыжу къыдэхъулIэнымкIэ».



*КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкiэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ Iуэхухэмкiэ и комитетым и унафэщI, «КПРФ» фракцэм и унафэщIым и къуэдзэ* **Къумал Заурбэч**: «Республикэм и Iэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъазэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэщIригъэубыдащ. Псом хуэмыдэу ахэр зыхуэунэтIар цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэнщ. Абы дэ, шэч хэмылъу, дыхуиунэтIынущ республикэм зедгъэужьыным. Къэралми, къапщтэмэ, дуней псоми, мы зэманым къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм тепщIыхьмэ, зэи хуэмыдэжу нобэ цIыхубэр зэкъуэтын зэрыхуейм и мыхьэнэри зэрыиныр КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ.

Гъэунэхуныгъэ щIэхэм Хэкур щыхэтым, щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, защIэгъэкъуэным ди нэIэ тетыпхъэщ. Къыхэгъэщыпхъэщ, республикэм мы зэманым зыужьыныгъэфI зэригъуэтар. АбыкIэ щыхьэтщ ухуэныгъэм, гъуэгухэм, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхухэм ехьэлIауэ Iэтащхьэм къиихьа бжыгъэхэр. Дауи, гугъуехь здэщымыIэ щыIэкъыми, абыхэм я хэкIыпIэхэр Iэтащхьэм игъэбелджылащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, зи гугъу сщIы а Iуэхухэм республикэм и Iэтащхьэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ. ЩIыналъэм и бюджетыр а псоми зэрыпэлъэщыр нэрылъагъущ, икIи дыхуэщIэкъунущ республикэм щыпсэу дэтхэнэри зыхуей хуэзэу псэуным».



*КъБР-м и Парламентым щыIэ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Пэжым и телъхьэу» фракцэм и унафэщI* **Кебеков Владимир**: «Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм республикэм щекIуэкIыр кууэ зэпкърихащ, цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэн Iуэхухэр къигъэлъагъуэу. Дызэрыгушхуэнщ жылагъуэм и псэукIэм зегъэужьыным гулъытэ хэха зэриIэр. Дзэ Iуэху хэхам и гугъу щищIым, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ лIыхъужьхэмрэ хэкIуэдахэмрэ я унагъуэхэм ди нэIэ ятетын зэрыхуейр, уеблэмэ ар къалэну къытхуигъэуващ. Къапщтэмэ, Iэтащхьэр къытеувыIащ республикэм и IэнатIэ псоми я Iуэху зытетым. Ахэр щыхьэт тохъуэ республикэм и экономикэм зэрызиужьым. Егъэджэныгъэр, щэнхабзэр, медицинэр я зыужьыныгъэкIэ здынэсамрэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэр зэрефIакIуэмрэ къагъэлъагъуэ нобэ цIыхубэм зэрыхуэсакъыр».



*КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «ЛДПР» фракцэм и унафэщI* **Безгодькэ Владимир**: «КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщащи, республикэм и щыIэкIэ-псэукIэр зэпIэзэрытщ. Зауж мэкъумэш, промышленнэ IэнатIэхэми адрейхэми. Iэтащхьэм къалэн пыухыкIа къытщищIащ 2030 гъэм ирихьэлIэу щIыналъэм къилэжьыр хуэдитIкIэ хэдгъэхъуэн хуейуэ. Абы депутатхэм пщэрылъ ящищIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэр адэкIи едгъэфIэкIуэну.

КъБР-м и Iэтащхьэм ибзыщIакъым коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ республикэр зыхэт гугъуехьхэри. Абы пщэрылъ къытщищIащ кIэлъыплъыныгъэхэр нэхъри щIэдгъэхуэбжьэну. Къэбгъэлъагъуэмэ, мы зэманым абы теухуауэ лэжьыгъэ яублащ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщынут жылагъуэр дызэкъуэтыным нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр. Ар ди гъуазэу щытмэ, си фIэщ мэхъу Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр къызэрыдэхъулIэнур».



*КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «ЩхъуантIэхэр» фракцэм и унафэщI* **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**: «Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми щIыналъэ унафэр зезыхьэхэми къэкIуэну зэманым гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъун дэфтэр къыдитащ республикэм и Iэтащхьэм. Абы икъукIэ лэжьыгъэ купщIафIэ икIи щхьэпэ къыщыхьащ. КъБР-м и Iэтащхьэр къытеувыIащ блэкIа илъэсым республикэм къехъулIахэм. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, ди республикэр Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмкIэ къэралым и щIыналъэхэм я нэхъ пашэхэм ящыщщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, республикэм и мэкъумэш, гъуэгу, туризм IэнатIэхэм зрагъэхъулIэхэр. Абыхэм ехьэлIауэ КъБР-м и Iэтащхьэм къиихьа бжыгъэхэм уагъэгушхуэ. КъищынэмыщIауэ, нобэ КIуэкIуэ Казбек къызэщIикъуэжащ узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ ехьэлIауэ щIыналъэм зэфIигъэкIар - абыхэмкIи дызэрыпэгэн диIэщ.

Щхьэхуэу къыхэзгъэщынут щIыналъэм и туризмэр республикэм и IэнатIэ купщIафIэхэм ящыщ хъун хуейуэ Iэтащхьэм къызэригъэлъэгъуар. Бжыгъэхэр къэтхьмэ, 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуащ мелуанитIым щIигъум (зы махуэ закъуэкIэ къэкIуахэр хэмыту). Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ цIыху мелуанрэ никъуэм нэблагъэ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Iуащхьэмахуэ лъапэ республикэм и экономикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Абы ехьэлIауи зэрызыдужьын мурадхэр щыIэщ. Жылагъуэм и зыужьыныгъэр Iуэхугъуищым тетщ: экономикэ, щыIэкIэ-псэукIэ, щIыуэпс. А щыр зэгуэхыпIэ имыIэу зэпхащ. Си фIэщ мэхъу, нобэ КъБР-м и Iэтащхьэм абыхэм теухуауэ къытхуигъэлъэгъуа пщэрылъхэр гъэзэщIэным щIыналъэ унафэщIхэр зэрыхущIэкъунур, цIыхухэри а лэжьыгъэм арэзы зэрищIынур».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**



# УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр

**Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъазэм къеджа нэужь, ар яIущIащ УФ-м и сенатор Ульбашев Мухьэрбий, УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий.**

ЗИ гугъу ящIа Iуэхушхуэхэм ящыщщ ди щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэу Парламентым зэрызыхуигъэзам къыщыгъэлъэгъуахэр.

Апхуэдэуи щхьэхуэу къытеувыIащ щIыналъэми къэралми гулъытэ хэха зыхуащIыпхъэ къалэнхэми.

Федеральнэ Зэхуэсым хэтхэм къыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым адэкIи зиужьыным хуэгъэпса жэрдэмхэр адэкIи пхыгъэкIыным зэкъуэту телэжьэну зэрамурадыр.

# ГъащIэм хуэщIа тыншыгъуэ

**УФ-м и Правительствэм ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ вице-премьер Хуснуллин Марат.**

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ жыпхъэм иту екIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымрэ «Ухуэныгъэхэр» программэмрэ зэрагъэлажьэм, щIым и къэгъэщхьэпэкIэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и зыужьыныгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2026 гъэм ухуэныгъэ IуэхукIэ зэфIагъэкIыну къалэн зыщащIыжа псори здынэсыпхъэм тету ягъэзащIэ.

«Къалэхэр ущыпсэуну тынш щIын» къэрал проектымкIэ цIыхубэ зекIуапIэу 38-рэ зэIузэпэщ ящI. Мы Iуэхугъуэм епхауэ екIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуахэм Налшык, Шэджэм, Май къалэхэм хуагъэхьэзыра проектхэр ягъэзэщIэн щIадзащ.

Гъуэгу ухуэныгъэхэр йокIуэкI, автобусыщIэ 16 республикэм къашэн папщIэ, ар щащэ IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIащ.

Егъэджэныгъэм епха объект 54-рэ зыхуей хуагъазэ. Куэд дэмыкIыу Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм спортзалхэр щаухуэнущ.

ПсэупIэ инфраструктурэр хъуэжын IуэхумкIэ псы яхуэзыутIыпщ объект 12 зэрагъэпэщыж, Бахъсэн псы зекIуапIэхэм йолэжь. Налшык щыIэ «Головной» псы къыщIэшыпIэм и Iэмэпсымэхэмрэ абы епха псыр щагъэкъабзэ станцымрэ зэIузэпэщ ящI. Хуэмурэ яхъуэж хьэкухэр зыгъэлажьэ Iэмэпсымэхэри яхъуэж.

Къалэхэм псэупIэ зэрыщаухуэнум, щIыр къызэрыщагъэщхьэпэну щIыкIэм теухуауэ 2030 гъэ пщIондэ зэфIагъэкIыпхъэ къалэнхэр яубзыхуащ.

# Зэгъусэу пэщIэтщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къигъэсэбэпу хэтащ Наркотикым пэщIэтынымкIэ къэрал комитетым и зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Колокольцев Владимир.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ Урысейм и ФСИН-мрэ къэралым и щIыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ IэнатIэхэмрэ я зэдэлэжьэкIэр зэребгъэфIакIуэ хъуну Iэмалхэм, Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ стратегиеу УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и Советым иубзыхуар зэрагъэзащIэ щIыкIэхэм. КъинэмыщIауэ, къаIэтащ а унэтIыныгъэм къызэщIиубыдэ Iуэхугъуэхэм ящыщ куэд, Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ гъэзэщIэкIэщIэ мардэхэмрэ нэсу.

КъулыкъущIэ лъагэхэр хэплъащ илъэс блэкIам къриубыдэу щIалэгъуалэр наркотикхэм щыхъумэным хуэгъэпса политикэм адэкIи зэрызиужьам, абы хуэщIа къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэми щыгъуазэ зыхуащIащ.

# Хьэрхуэрыгъэм зрагъэужь

**Урысейм и антимонопольнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Радионов Григорийрэ Тесленкэ Антонрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ яхуэзащ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэм хьэрхуэрыгъэм зэрызыщиужьым. Апхуэдэу и гугъу ящIащ Хьэрхуэрыгъэм зегъэужьынымкIэ лъэпкъ планым къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащIэм, антимонопольнэ IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, абы я лэжьыгъэм къэрикIуахэм. Гулъытэ нэхъ хуащIу къытеувыIащ ФАС-мрэ республикэм и Правительствэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэм.

«ХьэрычэтыщIэ Iуэхум зегъэужьынымкIэ, абы хэт псоми зэхуэдэ Iэмалхэр къахузэгъэпэщынымкIэ, абыхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэнымкIэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм адэкIи пытщэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

**● Мэкъуауэгъуэм и 22-р Фэеплъымрэ щыгъуэмрэ я махуэщ**

# Гузэвэгъуэкlэ гъэнщIа жэщ-махуэ 1418-рэ

**Мэкъуауэгъуэм и 22-м илъэс 85-рэ ирокъу Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ. Ди къэралышхуэм и тхыдэм щыщ напэкIуэцI нэхъ хьэлъэхэм, гугъуехьрэ гуауэкIэ гъэнщIа илъэсхэр къызыкIэлъыкIуахэм ящыщщ а махуэр. А пщэдджыжьым сыхьэти 4-м, уащхъуэдэмыщхъуэу къызэрехьэжьэри, фашист Германиер СССР-м къытеуащ абыкIэ хъыбари къримыгъащIэу. Апхуэдэу 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 22-м щIидзауэ щыташ илъэси 4-кIэ (махуэ 1418-кIэ) екIуэкIа Хэку зауэшхуэр.**

ЗАУЭЛIРЭ IэщэкIэ къызыхуэтыншэу зэщIэузэда бийр лъэщт. Апхуэдэ бий ерум япэщIэуващ яхэлъа лIыгъэрэ Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэкIэ игъащIэкIи зыри къызыпэмыхъуну совет цIыхубэр. Ди зауэлIхэм, фронтым и щIыбагъ къыдэта ди цIыхухэм къакъуэкIа къэмылэнджагъэм, хахуагъэм, фIэщхъуныгъэ иным къытхуахьащ дунейпсо тхыдэм лIэщIыгъуэкIэрэ хэмыкIуэдэжын ди ТекIуэныгъэ иныр. А фIыгъуэр, щхьэхуитыныгъэр, къытхуэзыхьыжа ди зауэлIхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ. Ар яхъумэ нэхъыжьхэм, абы щIагъэджыкI щIалэгъуалэр, абы къыщIотаджэ щIэблэхэр.

ЛIэщIыгъэкIуэкIэрэ зэIэпахыу ди Хэку иным щахъумэ а фэеплъ махуэм къэралпсо мыхьэнэ иIэ щIыным хуэгъэпса унафэ щхьэхуэ УФ-м и Президентым къыдигъэкIауэ щыташ 1996 гъэм и мэкъуауэгъуэм, Хэку зауэшхуэм зэрыщIидзэрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу. 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, апхуэдэуи къэралым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну нэгъуэщI зэпэщIэувэныгъэхэми хэту зи щхьэ зыгъэтIылъа ди зауэлI псоми я фэеплъ махуэщ ар. Ар зэрагъэуврэ зы илъэси дэкIыркъым фэеплъ махуэр ди къэралым и щIыналъэ псоми щамыгъэлъапIэу.

Мыбдежым нэхъыщхьэ дыдэр, сэ сызэреплъымкIэ, хэкупсэу дгъэсэну дызыхущIэкъу къытщIэхъуэ щIэблэр къэралпсо мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр гурэ псэкIэ зыхащIэу, лъэпкъ, Хэку лIыхъужьхэм я гъащIэр я гъуазэу гъэсэнырщ. А мурадхэр зэгъэхъулIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ щIалэгъуалэ, ныбжьыщIэ, сабий зэщIэхъееныгъэхэм, зэгухьэныгъэхэм. Лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыххэм ящыщщ ныбжьыщIэхэм «Пэрытхэм я зэщIэхъеепыгъэ» я жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Абыхэм лэжьыгъэ щхьэпэ икIи купщIафIэ щрагъэкIуэкI Интернет напэкIуэцI зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм ныбжьыщIэхэм къытрадзэ я щIыналъэм иIэ зыужьыныгъэм теухуауэ зауэм ипэкIэ къыдэкIа газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуауэ щыта тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, сурэтхэр, хъыбар кIэщIхэр. Архив хъумапIэхэм ядэлажьэурэ къаугъуея а тхыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ Хэку зауэшхуэм ипэкIэ къэралым щыIа мамыр гъащIэр зыхуэдэу щытар иджырей щIэджыкIакIуэм и нэгу къыщIэбгъэхьэнымкIэ, абы щыгъуазэ хуэщIынымкIэ. МамырщIэкъу къэралышхуэм щыпсэу цIыху псоми мурадрэ хъуэпсапIэу яIар зауэшхуэр зэхэзыублахэм зэуэзэпсэу къызэрызэтракъутар нэрылъагъу дыдэ мэхъу, апхуэдэ тхыгъэхэм ущеджэкIэ.

А лэжьыгъэхэм я мурадыр зыщ: дуней псом, цIыху гъащIэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ нэхърэ нэхъ фIыгъуэрэ лъапIэныгъэрэ зэрыщымыIэр дэтхэнэми хьэкъыу къыгурыгъэIуэн, ди адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм я псэр зыщIата мамырыгъэр хъумэн, нэр напIэм сакъыу зэрихъумэм хуэдэу.

Гъэхэр зыр адрейм иужь иту блэкIми, лъэхъэнэхэм захъуэжурэ лIэщIыгъуэщIэхэр къэунэхуми, ди къэралым и тхыдэм зэи хэкIыжынукъым а фэеплъ махуэм лъабжьэ хуэхъуа а мафIае илъэсхэр. Ди цIыхухэр псэуху, ящыгъупщэнукъым абы зи гъащIэр къызэпиуда мелуанхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къакъуэкIа хахуагъэмрэ. ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм я фэеплъхэри пщIэрэ щIыхьрэ хуащIу яхъумэнущ нобэ псэухэми къытщIэхъуэну щIэблэхэми.

**КЪАРДЭН Маритэ.**



# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 20,** *щэбэт*

♦**Зи псэупIэр Iэмалыншагъэкlэ зыхъуэжын хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Зоопаркым щаIыгъ пылхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**1957 гъэм** Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залышхуэм къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.
♦**1920 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ Кхъуэхъу Цуцэ.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Кхъуэтепыхьэ Мухьэмэд**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 21,** *тхьэмахуэ*

♦**Гидрографием и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Медицинэ лэжьакIуэм и махуэр**
♦**УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и кинолог IуэхущIапIэхэм я махуэщ**
♦**1956 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий**.
♦**1956 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 22,** *блыщхьэ*

♦**Хэкур яхъумэурэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.
♦**1967 гъэм** Налшык ПТУ №7-м и цIыхубз спортсменкэ 15 ди республикэм и къалащхьэм щежьэри, лъакъуэрыгъажэкIэ Ленинград кIуэну гъуэгу техьащ.
♦**1939 гъэм** къалъхуащ щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Залиханов Михаил**.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат **КъуэщIысокъуэ Александр**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХьэпащIэ Юрэ**.
♦**1953 гъэм** къалъхуащ искусствоведениемкIэ доктор, профессор, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

<u>**Къытхэхъуащ**</u>

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 30: 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 19-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 25-рэ: 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ.

*Мэкъуауэгъуэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 436-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 4109-рэ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**КIапсэр кIыхьмэ, фIыщи, псалъэр кIэщIмэ, нэхъыфIыжщ.**

## Мэрем, мэкъуауэгъуэм и 26

**1**

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.40** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское /Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Что? Где? Когда? (16+)
**22.55** Всероссийский выпускной бал в Кремле (12+)
**00.55** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Х/ф «ДОРОГАЯ ПОДРУГА»
**03.25** Х/ф «СТРАХОВОЙ СЛУЧАЙ» (16+)

**НТВ**

**04.25, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.00** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «ЛЕШИЙ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.20** «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
**02.10** «Квартирный вопрос» (0+)
**03.05** Х/ф «КОГДА Я БРОШУ ПИТЬ...» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.40** Х/ф «СЕВЕРИНО» (16+)
**07.20, 09.20** Х/ф «ОЦЕОЛА»
**09.00, 13.00, 17.00, 19.00** Новости дня (16+)
**10.10** Х/ф «АПАЧИ» (16+)
**12.20, 13.25** Х/ф «УЛЬЗАНА» (16+)
**14.50, 15.05** Х/ф «ВОЖДЬ БЕЛОЕ ПЕРО» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**16.50, 17.15** Х/ф «ЧИНГАЧГУК БОЛЬШОЙ ЗМЕЙ» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». Д/с. «Кто убил Вильгельма Кубе?» (12+)
**20.30** «Война миров». Д/с. «Битва шифров. Что она скрывает?» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...»
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!»
**23.30** «Музыка+». Анита Цой
**00.55** Х/ф «НЕЗНАКОМЫЙ НАСЛЕДНИК» (16+)
**02.15** Х/ф «МЕДОВЫЙ МЕСЯЦ» (16+)
**03.45** Х/ф «ДУРАКИ УМИРАЮТ ПО ПЯТНИЦАМ» (16+)
**05.20** «Перелом. Хроника Победы». Д/с (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Истории города N с Пьером Бурелем
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50** Д/ф «Неандертальцы. Первые художники человечества»
**08.50** Х/ф «ЮРКИНЫ РАССВЕТЫ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.20** Шедевры старого кино
**11.45** Д/ф «Марина Ладынина. Грубиян и Галатея»
**12.45** Д/ф «Роман в камне»
**13.15** Д/ф «Борис Акимов. Образы...»
**13.55** Д/ф «Неандертальцы. Первые художники человечества»
**14.50** Х/ф «ЮРКИНЫ РАССВЕТЫ» (16+)
**16.00** Д/ф «Три тайны адвоката Плевако»
**16.30** Письма из провинции
**17.15** Д/ф «Режиссер Борис Равенских»
**17.50** Царская ложа
**18.30** Д/ф «Роман в камне»
**19.00, 02.30** Д/с «Жизнь замечательных идей»
**19.45** Линия жизни
**20.40** Х/ф «КЛУБ ЖЕНЩИН»
**23.05** «2 Верник 2»
**00.15** Х/ф «МАЯК НА КРАЮ СВЕТА» (16+)

**МАТЧ!**

**06.00** Футбол. Турция - США. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**07.05, 21.15, 00.05, 05.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.45, 13.20, 18.55** Новости
**08.50** «Небесная грация» (6+)
**09.10** Футбол. Эквадор - Германия. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.25** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.20** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**13.25** Футбол. Япония - Швеция. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**15.40** Футбол. Тунис - Нидерланды. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**17.55** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**19.00** Футбол. Турция - США. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**21.40** Футбол. Норвегия - Франция. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**00.25** Футбол. Парагвай - Австралия. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**02.40** Футбол. Уругвай - Испания. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из Мексики
**05.40** Футбол. Новая Зеландия - Бельгия. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из Канады

## Щэбэт, мэкъуауэгъуэм и 27

**1**

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00, 12.00** Новости
**10.15** «Вспомнить все». К 85-летию Тамары Москвиной
**11.10** Д/с «Сила ароматов. Сады»
**12.15** «Наше все. Сделано в России» (12+)
**13.10** Т/с «ЯНЫЧАР» (16+)
**16.55** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «Сегодня вечером» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Х/ф «Я ДЕЛАЮ ШАГ» (16+)
**23.45** Д/ф «Юрий Шатунов. «Шипы белых роз» (12+)
**00.40** «Алые паруса - 2026». Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!»
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ЖИЗНЬ СПРАВОК НЕ ДАЕТ» (16+)
**00.40** «Алые паруса-2026». Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**01.05** Д/ф «Алые паруса» (12+)

**НТВ**

**04.40** Х/ф «МОЙ ГРЕХ» (16+)
**06.20** «Жди меня» (12+)
**07.20** «Смотр» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** Д/ф «Ядерная зима профессора Александрова» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (16+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** «Сатья» (16+)
**14.00** «Поедем, поедим!» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** «Центральное телевидение» с Вадимом Такменевым
**20.20** «Ты не поверишь!» (16+)
**21.20** «Звезды сошлись» (16+)
**23.00** «Импровизаторы» (16+)
**00.00** Квартирник НТВ у Маргулиса (16+)
**01.40** «Дачный ответ» (0+)
**02.30** «Прошу, прости!» (16+)
**03.20** Х/ф «СНАЙПЕР» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.45** Х/ф «СТРЕЛЫ РОБИН ГУДА» (16+)
**07.20** Х/ф «МАРЬЯ-ИСКУСНИЦА» (16+)
**09.00, 13.00, 19.00** Новости дня (16+)
**09.15** Х/ф «ССОРА В ЛУКАШАХ»
**11.00** Х/ф «СОЛДАТ ИВАН БРОВКИН» (16+)
**13.20** Х/ф «ИВАН БРОВКИН НА ЦЕЛИНЕ» (16+)
**15.25** Х/ф «ПРИКАЗ. ОГОНЬ НЕ ОТКРЫВАТЬ» (16+)
**17.25, 19.25** Х/ф «ПРИКАЗ. ПЕРЕЙТИ ГРАНИЦУ» (16+)
**19.55** Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
**00.00** Х/ф «ПЯТЬ МИНУТ СТРАХА» (16+)
**01.40** Х/ф «СЛУЧАЙ В ТАЙГЕ»

**РОССИЯ К**

**06.30** Библейский сюжет
**07.05** М/ф «Три толстяка»
**07.45** Х/ф «ВАШИ ПРАВА?» (16+)
**09.20** Больше чем любовь
**10.00** Х/ф «ОБЫКНОВЕННЫЙ ЧЕЛОВЕК» (16+)
**11.40** Д/с «Коллекция»
**12.10** Я - дирижер!
**12.40** Д/ф «Жизнь сурка»
**13.35** Торжественное открытие V Международного конкурса молодых пианистов Grand Piano Competition
**15.15** Д/ф «Пылкий птицелов Павел»
**16.00** Д/ф «Свадьба». Купите счастье!»
**16.40** Х/ф «СВАДЬБА» (16+)
**17.45** Д/с «Энциклопедия загадок»
**18.15** Х/ф «СЕМЬ НЯНЕК» (16+)
**19.30** Новости культуры
**19.45** Д/ф «Булгаков. Тайна мастера»
**20.40** Телеспектакль «Всего несколько слов в честь господина де Мольера». Постановка Анатолия Эфроса. Запись 1973 года
**22.30** Х/ф «КЛЕО ОТ 5 ДО 7» (16+)
**00.00** Д/ф «Жизнь сурка»
**00.55** Х/ф «ЧЕЛОВЕК РОДИЛСЯ»
**02.30** М/ф «Мультфильмы для взрослых»

**МАТЧ!**

**06.00** Футбол. Новая Зеландия - Бельгия. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из Канады
**08.05, 22.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05, 13.20, 18.55** Новости
**09.10** Футбол. Сенегал - Ирак. Чемпионат мира-2026. Трансляция из Канады (6+)
**11.25** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.20** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**13.25** Футбол. Норвегия - Франция. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**15.40** Футбол. Уругвай - Испания. Чемпионат мира-2026. Трансляция из Мексики
**17.55** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**19.00** Смешанные единоборства. Р. Физиев - М. Торрес. Ш. Магомедов - М. Перейра. UFC. Прямая трансляция из Азербайджана
**23.30** Футбол. Панама - Англия. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**02.10** Футбол. ДР Конго - Узбекистан. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США

## Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 28

**1**

**06.00, 10.00, 12.00** Новости
**06.10** Играй, гармонь любимая! (12+)
**06.55** «Часовой» (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки» (12+)
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь своих» (12+)
**11.10** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** Д/с «Победа» (16+)
**13.10** Т/с «ЯНЫЧАР» (16+)
**17.00** Д/ф «Юрий Шатунов. «Шипы белых роз» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «До Ре» (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**06.00** Х/ф «КУЗНЕЦ МОЕГО СЧАСТЬЯ» (16+)
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** Утренняя почта с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00, 14.00, 17.00** Вести
**11.55** Д/с «Рассказы из русской истории» (12+)
**12.55** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Парад юмора» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**20.00** Вести недели
**22.30** Москва. Кремль. Путин
**23.00** Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**01.40** Д/с «Рассказы из русской истории» (12+)
**02.30** Х/ф «КУЗНЕЦ МОЕГО СЧАСТЬЯ» (16+)

**НТВ**

**04.50** Х/ф «БЕС» (16+)
**06.40** «Центральное телевидение» (16+)
**08.00, 10.00, 16.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** «Следствие вели...» (16+)
**19.00** Итоги недели
**20.20** 10 лет «Секрету на миллион»! Самые громкие секреты
**22.25** Основано на реальных событиях (16+)
**02.15** «Прошу, прости!» (16+)
**03.05** Х/ф «ЗНАКОМСТВО» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.15** Х/ф «СОЛДАТ ИВАН БРОВКИН» (16+)
**07.00** Х/ф «ИВАН БРОВКИН НА ЦЕЛИНЕ» (16+)
**09.00** Новости недели с Юрием Подкопаевым (16+)
**09.25** «Служу России» (12+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом». Борис Шапошников (12+)
**11.30** «Война миров». Д/с. «СССР-США. Битва на спортивных аренах» (16+)
**12.20** «Код доступа». «Барбаросса 2.0. Зачем Германии своя ядерная кнопка» (12+)
**13.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**14.05** Т/с «КУРЬЕРСКИЙ ОСОБОЙ ВАЖНОСТИ» (16+)
**18.00** Главное с Ольгой Беловой
**19.40** «Незримый бой». Д/с (16+)
**23.55** Х/ф «ВНИМАНИЕ! ВСЕМ ПОСТАМ...» (16+)
**01.30** Х/ф «СТРЕЛЫ РОБИН ГУДА» (16+)
**02.50** Х/ф «ПО ДАННЫМ УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА...»
**04.00** «Атом. энергия мира». Д/с
**04.50** Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Д/с «Энциклопедия загадок»
**07.05** М/ф «Мультфильмы»
**07.50** Х/ф «СВАДЬБА» (16+)
**08.55** Д/ф «Женщина, которая умеет любить. Нина Дорошина»
**09.35** Х/ф «ЧЕЛОВЕК РОДИЛСЯ»
**• Пщэдей Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ**

# Узыншагъэм и хъумакIуэхэр

**СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1980 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м унафэ къищтауэ щытащ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэ ягъэувыну. Абы щегъэжьауэ, илъэс 46-рэ хъуащи, мэкъуауэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапIэ цIыхухэм я узыншагъэр, гъащIэр хъумэн IэнатIэм пэрытхэр.**

ДЭТХЭНЭ зы IэщIагъэми гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуаплыныгъэр куэдкIэ нэхъ инщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а унэтIыныгъэм и лэжьакIуэхэм цIыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр - и узыншагъэр, и гъащIэр - дзыхь хуащI. Абы къыхэкIыу я Iэзагъэм, щIэныгъэм хагъахъуэ зэпыту екIуэкIын хуейщ, медицинэм щIэуэ къыхыхьэ псори я лэжьыгъэм нэсу къыщагъэсэбэпыфын папщIэ.

Дэтхэнэ зы унэтIыныгъэми хуэдэу, медицинэми зэхъуэкIыныгъэхэр къыхыхьащ, псынщIэу зызыхъуэж зэманым къыздихьащ узыр и чэзум, щыуагъэншэу къэхутэнымкIэ сэбэпышхуэ хъу IэмэпсымэщIэ куэд. Апхуэдэу щытми, сымаджэм и дежкIэ нэхъыщхьэр дохутырым и гу щабагъырщ, псэ къабзагъырщ, и гущIэгъурщ, и зэхэщIыкIырщ, и псалъэ гуапэхэрщ. Мис ахэр псори зэуIуу хэлъын хуейщ медицинэм и лэжьакIуэ нэсым. Гуапэ зэрыхъунщи, ди республикэм ди мащIэкъым зыпэрыт IэнатIэм зэфIэкI лъагэхэр щызиIэ, цIыхухэм зи цIэр фIыкIэ ираIуэ дохутырхэр. Апхуэдэуи щытхъурэ фIыщIэрэ яIэу ди щIыналъэм щыщ дохутыр куэд Урысейм и хэгъэгухэм и мызакъуэу, хамэ къэралхэми щолажьэ.



Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр иджы къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм ящыщщ. Ди республикэр къэтщтэнщи, иужьрей илъэсхэм абы зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ: медицинэ IуэхущIапIэщIэхэр яухуащ, куэдым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, абыхэм адэкIи жыджэру пащэ, IэнатIэхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынми гулъытэ хэха хуащI.

ИпэжыпIэкIэ, дохутыр IэщIагъэр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ икIи икъукIэ лэжьыгъэ хьэлъэщ. Абы къыхэкIыуи дохутырхэм пщIэшхуэ яхуэфащэщ. Тыншкъым махуэ къэс цIыхум и узыншагъэм, апхуэдэу щыхъукIи - и гъащIэм и хъумакIуэу ущытыныр. Абыхэм я дежщ къыщежьэр жылагъуэ узыншэм и лъабжьэр.

Медицинэм и лэжьакIуэ псоми я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу. ЕхъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ яIэу, фIыщIэмрэ щытхъумрэ щымыщIэу, цIыхухэр къахуэарэзыуэ, я лэжьыгъэм и хьер ялъагъуу я IэнатIэ мытыншыр ирахьэкIыну ди гуапэщ.

# Зи зэфIэкIыр лъагэ дохутыр

**ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр, абыхэм я гъащIэр къегъэлыныр IэщIагъэу къыхэзыха дохутыр Iэзэщ НАФIЭДЗ Ислъам Олег и къуэр. Жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ къызэрыдэхуэр зыхищIэу, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным сытым дежи хущIэкъуу пэрытщ ар и IэнатIэм. Зыхэт гупми сымаджэхэми ядеж зи пщIэр щылъагэ, фIыщIэрэ щытхъу псалъэ куэдрэ зыхужаIэ щIалэм теухуащ Балъкъэр Ипщэ къуажэм щыщ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт ТЕМУКУЕВ Адиль и тхыгъэр.**



УЗЫФЭМ и хущхъуэгъуэ нэхъыщхьэр зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI дохутырырщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ди республикэм апхуэдэ IэщIагъэлI Iэзэхэр и мащIэкъым. Абыхэм ящыщ зыщ си тхыгъэри зытеухуар - ар медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм Лышх узыфэхэм щеIэзэ и диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэм хирургие дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Медицинэ академием и доцент, дохутыр-колопроктолог НафIэдз Ислъамщ. И ныбжькIэ щIалэми (илъэс 34-рэ хъууэ аращ), абы хузэфIэкIащ зыпэрыт Iуэхум ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьэн.

2015 гъэм КъБКъУ-м и медицинэ къудамэр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, НафIэдзым хирургие унэтIыныгъэмкIэ и щIэныгъэм илъэскIэ щыхигъэхъуащ университетым и клиникэ интернатурэм. 2016 гъэм къыщыщIэдзауэ 2018 гъэ пщIондэ Москва дэт, Рыжих А.Н. и цIэр зезыхьэ, КолопроктологиемкIэ лъэпкъ къэхутакIуэ медицинэ центрым ординатурэр щрихьэкIащ. АдэкIэ 2018 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ 2021 гъэм и шыщхьэуIу мазэм нэса центрым дохутыр колопроктологыу щылэжьащ, абы къыдэкIуэуи а медицинэ IуэхущIапIэм онкопроктологиемкIэ и къудамэм и аспирантурэм щеджащ, хирургиемкIэ иIэ щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэу. 2021 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм, Ислъам и ныбжьыр илъэс 28-м иту, Рыжих А.Н. и цIэр зезыхьэ, КолопроктологиемкIэ лъэпкъ къэхутакIуэ медицинэ центрым абы и кандидат лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ. А илъэс дыдэм и жэпуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ ар Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м колопроктологиемкIэ и къудамэмрэ Лышх узыфэхэм щеIэзэ диспансерымрэ щолажьэ.

Лэжьыгъэм пэрыхьа нэужь, IэщIагъэлI ныбжьыщIэм Iупщцу къыгурыIуащ медицинэм псынщIэу зэрызиужьыр, хущхъуэщIэхэм я мызакъуэу, IэзэгъуэщIэхэри къызэрыунэхур. ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэныр IэщIагъэу къыхэзыха дэтхэнэри щыгъуазэу щытын хуейщ медицинэм щIэуэ къыхыхьэ псоми. НафIэдзыр гугъуехьхэм къэрагъэкIуэтакъым, уеблэмэ абы къыхихащ медицинэм и унэтIыныгъэ нэхъ гугъу дыдэр - лышх узыфэхэмкIэ хирургиер икIи абы зэфIэкI хъарзынэхэр къыщигъэлъэгъуащ. ЦIыхур нэхъыбэу зэрылIыкI узыфэхэм я деж етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ лышхым. Ауэ ди дохутырхэм ябгъэдэлъ Iэзагъэм и фIыгъэкIэ, а узыфэр зыпкърытхэм я нэхъыбэм къатемыхьэлъащэу гъащIэ кIыхь ирахьэкIыф.

НафIэдз Ислъам щIэныгъэ лэжьыгъэми зэфIэкI хъарзынэхэр къыщегъэлъагъуэ. Ар жыджэру хэтщ иджырей медицинэм и зыужьыныгъэм, ар зыIууэ гугъуехьхэм теухуа урысейпсо, дунейпсо конференцхэм. Абы и ехъулIэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ 2020 гъэм и мэлыжьыхьым дуней псом и щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр хэту Москва щекIуэкIа «Трансляционная медицина: возможное и реальное» XI щIэныгъэ-практикэ конференцым абы утыку къыщрихьа и лэжьыгъэр нэхъыфIхэм зэрыхабжар. Ислъам и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр Урысейми хамэ къэралхэми къыщыдэкI медицинэ журналхэм щIэх-щIэхыурэ къытохуэ.

Лышх узыфэхэм щеIэзэ диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ Цикоридзе Малхазрэ НафIэдз Ислъамрэ Москварэ Санкт-Петербургрэ щыщ IэщIагъэлIхэм я гъусэу лэжьыгъэ IуэхукIэ Китайм и Шанхай къалэм щыIауэ щытащ. Ахэр хэтащ Toumai хирургие роботхэмкIэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ MicroPort MedBot IуэхущIапIэм ирагъэкIуэкIа егъэджэныгъэ тренингхэм.

Ди IэщIагъэлIхэм Iэмал гъуэзэджэ яIащ хирургие роботым и лэжьыгъэр зыхуэдэм зыхагъэгъуэзэным и мызакъуэу, ар зэрекIуэкIыр зрагъэлъагъуну, апхуэдэ щIыкIэкIи абы и зэфIэкIыр наIуэу ягъэунэхуну. Хирургием роботым и Iэмалхэр къызэрыщагъэсэбэпым илъэс къэс кIуэ пэтми зеубгъу. Ар сэбэп мэхъу операцэ гугъухэр нэхъ зыхуей хуэзэу егъэкIуэкIа хъунымкIэ, къищынэмыщIауэ, абы и фIыгъэкIэ хирургым игъэкIуэд къарумрэ и гуащIэмрэ нэхъ хъума мэхъури, сымаджэм куэдкIэ нэхъ зыхуей хуэгъэза Iэзэгъуэр егъуэт. Жыжьэжу къыщIэкIынкъым ди хирургхэми я лэжьыгъэм роботхэр къыщыщагъэсебэпыну зэманри. Шэч хэмылъу, абыкIэ щхьэпэ хъунщ MicroPort MedBot IуэхущIапIэм лэжьыгъэ и пIалъэ зэрыщызыхагъэгъуэзар, технологие пэрытхэм я зэфIэкIыр зэрыщагъэунэхуар. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэм мыхьэнэшхуэ иIэщ ди щIыналъэм хирургие IэнатIэм зыщиужьынымкIэ, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым щыхэгъэхъуэнымкIэ. А Iэмалхэр, IэзэгъуэщIэхэр лэжьыгъэм хэзылъхьэнухэм, а IуэхумкIэ щапхъэ хъунухэм ящыщщ жэуплыныгъэшхуэ хэлъу къыхиха IэщIагъэм пэрыт НафIэдз Ислъам.

Узыр зыхуэдэр, ар къызэрыпхутэнур, абы зэрызыщыпхъумэным теухуауэ НафIэдзым и тхыгъэ куэдым интернетым и напэкIуэцIхэм ущрохьэлIэ. Абыхэм ящыщ зыщ «Колоректальный рак, современное состояние проблемы» фIэщыгъэр зиIэ тхыгъэр. А узыфэм игъэгузавэхэм я мызакъуэу, псом хуэмыдэу зи гулъытэншагъэм къыхэкIыу лышх узыфэр пкърытынкIэ зэрыхъунур зымыщIэхэм я дежкIэ мы тхыгъэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэнщ. Iэпкълъэпкъым трищIэ полипым къыхокI лышх узыфэхэр, ауэ ар къоузу щыткъыми, и нэм нэмысауэ къапщIэркъым. Мис а щхьэусыгъуэм къыхэкIыу, узым закъримыгъащIэу зэрыщытым щхьэкIэ, куэдым махуэ къэс зэрызехьэм зэман къахудэгъэкIыркъым, я узыншагъэр къапщытэну. Апхуэдэу узыщысхь махуэр гъащIэ псо и уасэнкIэ мэхъу! Iэпкълъэпкъым полипыр зэрытрищIар зэман кIыхькIэ къыумыщIэмэ, ар лышх узыфэм хуэкIуэнымкIэ шынагъуэр нэхъыбэщ. Аращ дохутырым ар и чэзум къэхутэн зэрыхуейм щIэх-щIэхыурэ щIытригъэчыныхьыр. Ар къызэращIэр колоноскопием и IэмалкIэщи, ди республикэм ар пщIэншэу щебгъэщIыфынущ, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и полисымкIэ. Полипхэр цIыкIухукIэ Iэпкълъэпкъым тебгъэкъэбзыкIмэ, лъатэмрэ кIэтIиймрэ лышх узыфэм щыпхъумэфынущ. Апхуэдэ ущииныгъэ, къыхуеджэныгъэ тхыгъэхэмкIэ Ислъам хущIокъу цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуригъэщIыну. КъищынэмыщIауэ, интернетым и напэкIуэцI щхьэхуэхэм махуэ къэс и лэжьыгъэм зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм и гугъу зэрыщищIри икъукIэ щхьэпэщ.

Ди цIыхухэм, псом хуэмыдэу нэхъ зыхузэфIэкIхэм, гъэщIэгъуэну зы хьэл яхэлъщ: сымаджэ хъуамэ, Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщI къалэшхуэхэм макIуэ, IэкIэ къытеIэбэн нэхъ хэмылъу я узыр щхьэщахын я гугъэу. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщ куэдым я Iуэхур зэрыгугъауэ хъуркъым, ауэ, къалэшхуэхэм медицинэм нэхъыфIу зыщиужьауэ къалъытэу зэрыщытам иджыри и лъабжьэр быдэщи, цIыхухэр йожажьэ. Зэманхэм хуабжьу захъуэжащ, щIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэри хэпщIыкIыу ефIэкIуащ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и гулъытэм, абы къыхилъхьа жэрдэмхэм я фIыгъэкIэ къалэшхуэхэм ейм къыкIэрымыхуу щIыналъэхэм щыIэ медицинэ IэнатIэхэми псынщIэу икIи купщIафIэу заужь. КъищынэмыщIауэ, дэри диIэщ Iэзагъышхуэрэ щIэныгъэфIрэ зыбгъэдэлъ дохутырхэр, зэфIэкI лъагэхэр зыдэтлъагъу, дэтхэнэми хузэфIэкIымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэхъуным хущIэкъу, гуапагъэрэ гумащIагъэкIэ сымаджэхэм я узыр ящхьэщызыхыф НафIэдз Ислъам хуэдэ IэщIагъэлI телъыджэхэр.

Сымаджэхэм къабгъэдэкIыу Ислъам хужаIэ фIыщIэ псалъэ куэд. Абыхэм ящыщ зыбжанэ си тхыгъэми къыщызгъэлъэгъуэнут.

- Дохутыр гъуэзэджэщ! Пэжыр жысIэнщи, сэ езым гугъэр сфIэкIуэдауэ, нэхъыкIэм зыщыхуэзгъэхьэзырым, жьы хъуа си анэм етIуанэ гъащIэр къритыжащ. НасыпыфIэщ апхуэдэ къуэ къэзыщIэхъуа лъэпкъыр! ФIыщIэ яхузощI апхуэдэ дохутыр дунейм тыгъэ хуэзыщIа и адэ-анэм! Зи узыншагъэкIэ гукъеуэ зиIэ дэтхэнэми НафIэдз Ислъам зыхуэвгъэзэну фыкъыхузоджэ.

- Тхьэр дохутыр IэщIагъэкIэ зыхуэупса цIыхущ Ислъам. Дэ а дохутырым дызэрыпэщIэхуар насыпышхуэу къызолъытэ. Зи узыншагъэкIэ абы зи щхьэр езыхьэлIэ дэтхэнэри хущIегъуэжынукъым...

- Гугъэ къыпхэзылъхьэж и псалъэхэм, и плъэкIэ гуапэм занщIэу уи гупсысэхэр фIым хуеунэтI. Сымаджэм дохутырым кърита гугъэр узыр пщхьэщызых хущхъуэ лъапIэщ!

Си щхьэр къэсщтэнщи, нобэрей гъащIэм сызэрыхэтыр куэдкIэ я фIыщIэщ НафIэдз Ислъамрэ Бэлэтокъуэ Хьэжмуратрэ. Абыхэм яхузиIэ арэзыныгъэр гъунэншэщ.

Псоми къыхагъэщ хирург НафIэдзым и гуапагъэр, гущIэгъу хэлъу сымаджэхэм зэрабгъэдэтыр. Хиругыу ущытын щхьэкIэ пхъашагъэ, ткIиягъэ гуэрхэр пхэлъу ущытын хуейуэ къысщохъу, абы къыхэкIыуи сэ езыр сызоупщIыж, щабагъэр зи хьэл-щэн щIалэр апхуэдэ IэщIагъэм дауэ хэзагъэрэ жысIэу? А псом къыхэкIыу сэ къызгурыIуаращи, апхуэдэ цIыху щIыкIэр, дуней тетыкIэр гъэсэныгъэм и закъуэ елъытакъым, ар адыгэхэми балъкъэрхэми къыдалъху хьэл-щэнщ. Ар ди лъым хэтщ!

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

# Куэд къызэхъулIа Хьэгъэжей Джонсон





***Урысейм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт Къудей Владимир и къалэмыр щIэх-щIэхыурэ къыхуещтэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Тхылъ зэхуэмыдэу къыдигъэкIхэм къадэкIуэу, цIыху цIэрыIуэу республикэм и пщIэр зыIэтахэри гулъытэншэу къигъанэркъым. Нобэрей абы и тхыгъэр теухуащ ди къэралым и металлург цIэрыIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и орденыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр лъагэу зыIэтахэм ящыщ Хьэгъэжей Джонсон ТIалэ и къуэм. Мы гъэм мэлыжьыхьым и 30-м, и ныбжьыр илъэс 87-м иту, ар дунейм ехыжащ.***

ДЖОНСОН 1940 гъэм щIышылэм и 27-м Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм къыщалъхуащ. ЛъэпкъкIэ Лашынкъей щыщщ, ауэ и адэ ТIалэ зауэм ипэ илъэсхэм Нартан Iэпхъуат, и лэжьапIэм пэгъунэгъуу. Налшык МТС-м щыIащ ар, иужькIэ а IуэхущIапIэм и Куба щIыналъэ къудамэм и унафэщIу щытащ. Хэку зауэшхуэр къэхъея иужь, езым и фIэфIыныгъэкIэ абы кIуэри, 115-нэ шууей дивизэм хэтащ, Ростов щIыналъэм щыхэкIуэдащ. И анэри пасэу дунейм ехыжри, Джонсонрэ и шыпхъу Альфридэрэ я анэ шыпхъу Лейлэ и нэIэ щIэту къэхъуахэщ.

Школым фIы дыдэу щеджащ Хьэгъэжейр. И анэ Зузэ и нэ къызыхуикIыу щыта хирург IэщIагъэм хуеджэну муради иIат, ауэ КъБАССР-м ЕджэныгъэмкIэ и министерствэм и къэпщытакIуэ гупым, тху защIэкIэ еджахэм гъуэрыгъуэурэ епсэлъылIэхэм, трагъэгушхуащ ар металлург хъуну. Республикэм къыбгъэдэкIыу, къэрал мылъкукIэ ирагъэджэну ар ягъэкIуащ Кавказ Ищхъэрэм и бгы-металлург институтым. ЩIалэ гурыхуэм еджэныр тыншу къехъулIэрт. Практикэ ар щыIащ Ипщэ-Урал никель комбинатым, Къэзахъстаным и Усть-Каменогорск бдзапцIэ-дзырхъ комбинатым.

Институт нэужьым лэжьэн щыщIидзащ Норильск къалэм дэт бгы-металлург комбинатым и гъуаплъэ заводым, пкъыгъуэхэр зэхэгъэвэнымкIэ етхуанэ разряд зиIэ IэщIагъэлIу. ЖыпIэ хъунущ мыбдежым и IэщIагъэми щIэныгъэми Джонсон щыхигъэхъуауэ. Илъэс плIыщIым щIигъукIэ щылэжьати, комбинатым и къудамэу здэщымыIа къэгъуэтыгъуейщ. ЩIэныгъэ лъагэ, цIыху хэтыкIэ, гупым дэлэжьэкIэ зэрищIэм и фIыгъэкIэ, абы пщэрылъ къыщащIар (куэдрэ къэхъурт хэкIыпIэ зимыIэу къыпщыхъу Iуэху гугъусыгъухэр дзыхь къыщыхуащI) щыхузэфIэмыгъэкIа зэи къэхъуакъым. ГъущIкIэ псыхьауэ къалъытэрт Джонсон, сыту жыпIэмэ Норильск и гъуаплъэ-никель гъэтIылъыгъэхэм куэду хэлъ тхъуэбзащхъуэр ар щагъэткIукIэ къыхокIри, пкъыгъуэхэр щагъавэ цехым ущылэжьэну гугъу дыдэщ. И зэфIэкIри бэшэчыгъэри къалъытагъэнщ Джонсон гъуаплъэ заводым и унафэщIу 1974 гъэм щагъэувам. Абы щыгъуэ Хьэгъэжейм и ныбжьыр илъэс 34-рэ хъууэ арат. Илъэс куэд щIауэ IуэхущIапIэр мыхьэнэншэт, гъуаплъэу къыщIихыпхъэм пэлъэщыртэкъыми, комбинатым зиужьыртэкъым. ЗэхэгъэкIыпIэшхуэт Хьэгъэжейм дежкIэ зыпэрыува Iуэхур, и къалэным пэмылъэщмэ, и цIэри и зэфIэкIри яIэщIэхужыпэнур зыхуэIуа щыIэтэкъым. Ауэ къэхъуар узыщыгуфIыкIынщ. ЗыщIыпIи щымыIауэ абы къыхилъхьащ пкъыгъуэхэр гъэткIунымкIэ Iэмалыщ1эр – иужькIэ Ванюков хьэку цIэрыIуэр къызытращIыкIар – къэгъэсэбэпыныр. Пкъыгъуэхэр зэрагъавэ машинэр гъэунэхунымкIэ жэуаплыныгъэр зыхьыр ди хэкуэгъурат.

Апхуэдэуи Джонсон заводым щылажьэхэм папщIэ иригъэухуауэ щытащ къатийуэ зэтет унэ, Iуэхутхьэбзэу щитIым щIигъу цIыхухэм щыхуащIэу. ГъэщIэгъуэн къимыгупсысауэ цIыхухэм яхужыIэнри хэлъщ, ауэ ар зигу къэкIынур Норильск и щIыуэпсым зыри хэзымыщIыкIхэрщ. МазипщIкIэ щыщIымахуэщ а щIыпIэм, цIыху балигъыр зыпэмылъэщ жьапщэхэр щIэтыжу хьэжкурийхэр къыщыхъур куэдщ. Цехыр зэи къэбгъэувыIэ зэрымыхъум къыхэкIыу, апхуэдэхэм и деж цIыхухэр я унэ мыкIуэжу лажьэрт, щыпсэунрэ щытыншынрэ яIэт.

1981 гъэм Джонсон ягъэуващ Надеждинск металлург заводым и унафэщIу. ГъэунэхупIэшхуэт ар Хьэгъэжейм и дежкIэ, сыту жыпIэмэ фин IэщIагъэлIхэм а IуэхущIапIэр щаухуэм Норильск и гъуаплъэ-никель пцIийхэр (руда) фIыуэ зэрамыджам къыхэкIыу, ди металлургием хуэкIуэ IэмалкIэ заводыр къызэрагъэпэщыфатэкъыми, щIэх-щIэхыурэ зыгуэрхэр къауэрт. УнафэщIыщIэр хуит ящIащ мыхъумыщIагъэхэр лъэныкъуэ иригъэзын папщIэ зыхуей псори ищIэну. Гугъут Iуэхур, ауэ гъэщIэгъуэнт, уи къарурэ акъылрэ ирибгъэунэхуну уасэ иIэтэкъым. Пэжыр жыпIэмэ, IуэхущIапIэр зэрыщыту зэхъуэкIыжын, ди къэралымрэ ди металлургиемрэ хуэкIуэу зэтеухуэжын хуей хъуащ. Ар Хьэгъэжейм хузэфIэкIащ и щIэныгъэм, зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэр Iуэхум къызэрыришэлIэфам, и щхьэ къытетхэм зи ужь ихьар зэрыхъунур я фIэщ ищIу мылъку зэрыхухрыригъэхам я фIыгъэкIэ. Мазэ бжыгъэкIэ Джонсон щIыхьэртэкъым и пэшым, атIэ заводым и лэжьакIуэхэм яхэтт, зэрыжаIэу, IэнатIэм и гъурми и цIынэми щыгъуазэт.

УнафэщI пхъашэу теIукIат Джонсон, и пщэрылъхэр жэуаплыныгъэ пылъу ягъэзэщIэну зэратрикъузэм папщIэ. Абы щыгъуэми адэр зэрахущытынум хуэдэут еш зымыщIэ цIыху лэжьакIуэхэм зэрабгъэдэтыр. А заводым щыIэху, никель къыщIагъэкIым и бжыгъэр хуэдипщIкIэ хигъэхъуэн хузэфIэкIат. Зыпэрыт IэнатIэхэр зэманым декIуу къызэригъэпэщат унафэщIым, я улахуэхэри къэралым щынэхъ ин дыдэхэм ящыщт.

Джонсон и егъэджакIуэу икIи гъэсакIуэу къилъытэрт Норильск комбинатым и унафэщIу щыта Долгих Владимир. Щыхуей дакъикъэм псалъэрти, сыт хуэдэ упщIэми и жэуап, чэнджэщ, дэIэпыкъуныгъэ абы и деж щигъуэтырт. Апхуэдэ зы сэбэпынагъыу абы къыхуищIащ IуэхущIапIэм щылажьэхэр унэкIэ къызэрызэрагъэпэщар. ЩIыналъэм и щIыуэпсыр гугъусыгъуми, комбинатыр зэи лэжьакIуэ щыщIакъым, цIыху зэхущытыкIэ дахэ, улахуэ мыIей зэрыщыIэм я фIыгъэкIэ. СССР-м и металлургие щхъуэкIэплъыкIэм зэрызригъэужьам, Норильск къалэм дэт Надеждинск металлур заводым «псэщIэ» зэрыхилъхьам папщIэ, Джонсон 1985 гъэм «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр къыфIащащ, Лениным и орденыр, «Серп и молот» дыщэ медалыр кърату.

1986 гъэм ар Москва ягъэкIуащ, СССР-м Металлургие щхъуэкIэплъыкIэмкIэ и министерствэм къулыкъу къыщыхуагъэфащэри. Куэдрэ щыIакъым Хьэгъэжейр абы, ауэ а зэман кIэщIым къриубыдэу Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатым къыдэIэпыкъуну хузэфIэкIащ. Къыщалъхуа республикэм щхьэкIэ и Iэ къызыпекIуэкI къызэримыгъэнэнур хьэкъыт Джонсон, ауэ Къэзахъ ССР-м и компартым и япэ секретарь Кунаев Д. и лъэIукIэ, ар ягъэкIуащ Лениным и цIэр зезыхьэ Балхаш бгы-металлургие комбинат хэкIуэдэжым. ГъэщIэгъуэныр а IуэхущIапIэм щымылэжьа, и Iуэхум хэзымыщIыкI цIыху абы и унафэщIу япэу зэрагъэувыр арат.

Джонсон и къулыкъур узыщIэхъуэпсын хуэдэтэкъым. Куэд щIауэ улахуэ итатэкъым IуэхущIапIэм, комбинатым къыпкърыкI щхъухьым цIыхухэр игъэбауэртэкъым, унагъуэм хуэзэу лы чилэрэ тхъуцIынэрэ талонкIэ ирату арат. Мазищ нэхъ дэмыкIыу IуэхущIапIэм и планыр игъэзащIэри, КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ зэIэпах я бэракъыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. ГъэщIэгъуэныр ар Норильск комбинатым къызэрыIэщIихарт.

Нобэр къыздэсым мы щIыпIэм щащIэж Хьэгъэжейм и Iуэху зехьэкIэмрэ абы хузэфIэкIа IуэхуфIхэмрэ. И IэнатIэм ехьэлIахэм къыдэкIуэу, Iэщхэм я Iусыпхъэ хригъэсэн щIидзэри, лыхэкIым цIыхухэр щымыщIэ хъуат. Шампиньон Iэгъэбэгур къигъэкIырт, комбинатым и лэжьакIуэхэм папщIэ дачэ щIы Iыхьэхэр зыхуей хуигъазэрт, унэ цIыкIухэр иухуэрт. А псом къалэдэсхэм я гъащIэр нэхъ тынш ящIырт.

1991 гъэм СССР къэралыгъуэшхуэр щэщэжа иужь, Хьэгъэжей Джонсон, совет цIыхубэм хуэдэу, гъэунэхупIэ ихуащ. Къэзахъстаным къикIыжри, и унагъуэр и гъусэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуэжащ ар. И шыпхъу закъуэр сымаджэти, зехьэн хуейт. Норильск къыщилэжьа ахъшэ тIэкIур сберкнижкэм хилъхьати, къэрал банкым иубыдауэ зэрыпсэун къуэлътэкъым. Хэкуэгъу цIэрыIуэм, къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм ди республикэми къыщыхуагъуэтыфакъым лэжьапIэ. А зэманым «зи псэр» пыт къудей Тырныауз комбинатым Джонсон унафэщI хуащIамэ, нэгъуэщI зыгуэр хъуну къыщIэкIынт а IуэхущIапIэм и тхыдэр. ДэIэпыкъуныгъэ щимыгъуэтым, и Iэр зэтридзэу тIысыжакъым Джонсон: шхынхэкIхэр зэрыIыгъыу щэнымкIэ хьэрычэт Iуэху мыин къызэIуихри, и унагъуэр абыкIэ ипIащ.

90 гъэм икухэм Джонсон и гъащIэм къыщыхъуащ IуэхуфIкIэ гъэнщIа зыгуэр. Урысейм и Президентым и ЛIыкIуэ Хлопонин А. Г. «Норильский никель» РАО-м и унафэщIу щагъэувам, Хьэгъэжейр къигъуэтыжри, IуэхущIапIэм и зы къудамэм и унафэщIу къулыкъу къыхуигъэлъэгъуащ. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэшхуэм и зэранкIэ комбинатыр зэрыт щытыкIэ гугъум къизышыфынур Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, лэжьэну мыщхьэх металлургыр зэрыарар. ИкIэм-икIэжым цIыху щхьэхуэхэм я IэмыщIэм заводыр къиихутами, зи IуэхущIафэм мыхьэнэшхуэ иIэ IэнатIэр къэралым хуахъумащ. Ар зи фIыщIэхэм ящыщ зыщ Хьэгъэжейри. Илъэс дэкIри, абы зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуащ, РАО-м къыхагъэщхьэхукIа Норильск бгы IуэхущIапIэм и унафэщIу Джонсон ягъэуващ. Къэралыр зэрыщэщэж лъандэрэ и IэмалхэмкIэ хамэ къэралхэм фIыуэ къыкIэрыхуа, къыщIигъэкI хьэпшыпхэр зрищэн зимыIэж комбинатым щIыхуэу триллион 16 телът. Ар нэхъыбэт 1996 гъэм къриубыдэу IуэхущIапIэм къыщIигъэкIам и уасэм нэхърэ. Емызэшыжу зэрылажьэм, Красноярск щIыналъэм и Хабзэубзыху IэнатIэм и депутату 1997 гъэм зэрыхахам, совет лъэхъэнэм цIыхугъэ хуэхъуахэм я фIыгъэкIэ, абы зэман кIэщIым къриубыдэу зи пашэ IуэхущIапIэр пэрытхэм ящыщ ищIыжыфащ. «Норильский никель»-м и лэжьыгъэм къыдэкIуэу, абы IуэхукIэ къепха IэнатIэхэми и щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ хилъхьащ Джонсон.

1999 гъэм Хьэгъэжейм къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр. 2001 гъэм ирихьэлIэу «ГМК Норильский никель» ОАО-м никелу къыщIигъэкIырт дуней псом щагъэхьэзыр а пкъыгъуэм и процент 20-р, кобальтым и процентипщIыр, гъуаплъэм и процентищыр, полладийм и процент хыщIрэ бгъур, платинэм и процент тIощIыр. Дунейпсо, къэрал экономикэм я увыпIэр щафIэкIуэдын дэнэ къэна, гъущIыкIэ щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ лъапIэхэмрэ нэхъыбэу къыщIэзыххэм яхэуващ.

Жэуаплыныгъэ хэлъу зэрылажьэм, къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу зэрыщытым, зи пашэу ягъэув IуэхущIапIэхэм ехъулIэныгъэшхуэ яIэ зэрыхъум я фIыгъэкIэ, Хьэгъэжей Джонсон, и цIэр къэралым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыIуащ. Урысейм и Президент Путин Владимир Норильск щыкIуам комбинатым и Iуэху зыIутыр абы жриIэну дзыхь зыхуащIар Джонсонщ. Абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэр зигу ирихьа Iэтащхьэм ар тIэунейрэ нэгъуэщI къэралхэм (Кубэмрэ Финляндиемрэ) здишауэ щытащ, правительствэ къэпщытакIуэ гупхэм мызэ-мытIэу хагъэхьащ, и псалъэм пщIэ щимыIаи къэхъуакъым.

2004 гъэм къыIукIащ ар «Норильский никель»-м, ауэ лэжьэн щигъэтакъым. ЗыгъэпсэхупIэхэм ехьэлIа хьэрычэт ищIэну мурад ищIри, комбинатым Сочэ щиIэ и санаторэм и унэхэм ящыщ къиищэхужащ. 2004 гъэм и кIэм абы зэригъэпэщыжакIэт и зы Iыхьэф1, цIыхухэр щыпсэуну ухуэныгъэмрэ аквапаркрэ лажьэуи иригъэжьащ. Сочэ дэт аквапаркхэм я нэхъыфIщ Джонсон ейр - абы Iейуэ зыри хуэщIэртэкъым. Лоо щищIа комплексым санаторэу щы хэтщ икIи цIыхухэр куэду йокIуалIэ. Апхуэдэуи Кисловодск, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыIэщ Хьэгъэжейм и зыгъэпсэхупIэхэр.

Къэрал дамыгъэрэ гулъытэу игъуэтам къадэкIуэу, Хьэгъэжей Джонсон и фэеплъыр нэгъуэщI IуэхухэмкIи тхыдэм къыхэнащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, абы и цIэр зэрехьэ Лашынкъей дэт курыт еджапIэм, а къуажэм и зы уэрамым. Ар Таймыр, Норильск къалэхэм пщIэ зыхуащI я цIыхущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**.




● Фэ фщIэрэ?

# Вагъуэ бын

Илъэсыр IыхьиплIу гуэшыныр адыгэхэм Вагъуэбэ жыхуиIэ вагъуэ зэрыбыным ирапхырт. Вагъуэхэр зыдж щIэныгъэм Дыгъэр здрикIуэу жыхуиIэ Вагъуэ бын 12-м щыщу «созвездие Тельца» жыхуаIэм нэхъ тохуэ Вагъуэбэр. Ауэ уи гугъэ хъунущ адыгэхэм Вагъуэбэ жыхуаIэу щытам а Вагъуэ бын пщыкIутIри къызэщIиубыдэу, иужькIэ, щIэныгъэу яIар щаIэщIэхужым, ди нэхъыжьхэм а фIэщыгъэцIэр Вагъуэ быным и закъуэ траубыдауэ. Дауэ щымытами, ди бзэм къыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIэкIэхэр: «Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ», «Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьащ», «Вагъуэбэр щIым хыхьэжащ».



● Псалъэ пэжхэр

## Бзаджэ гъусэм мысэ уещI

- Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIкъым.
- Быдэ и анэ гъыркъым.
- Бысымыр хьэщIэм и Iуэхутхьэбзащ Iэщ.
- АдрыщIым ущIэдэумэ, мыдрыщIыр къыплъысынщ.
- Акъыл зиIэм шыIэ иIэщ.
- Банэ хуэдэ зэхэплъхьэр данэ хуэдэу зэхэпхыжынщи, данэ хуэдэ зэхэплъхьэр банэ хуэдэу зэхэпхыжынщ.
- Бэлэрыгъым гъатхэр къыхуэлъэщ.
- Адыгэ и хьэщIэ быдапIэ исщ
- Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.
- Бгъащхъуэ гушхуар жьындум жьэхэхуэри ишхащ.
- Бгъуэ егъапщи, зэ пыупщI.
- ГужьеигъуафIэ унэхъугъуафIэщ.
- Бзаджэ гъусэм мысэ уещI.
- Гунэс ямыщI саугъэт умыщI.
- АкъылыфIэм делэми бзэ къыхуегъуэт.
- Бзылъхугъэ пшэрыхь хущанэ.
- Биижь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.
- Бийр къыпщытхъурей хъумэ, умыбэлэрыгъ.
- Блэр мэжей жыпIэу и кIэм утемыувэ.
- Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ, унэм ущымылIыхъужь.

● Шхыныгъуэхэр

### ЩIакхъуэзэтеупIэщIыкI



Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр пIинэу Iэнэм траухуанщIэ, и кур кърахтхъу. Шхум фошыгъу, шыгъу, содэ, сэхуран дагъэ, джэдыкIэ уда халъхьэри, фошыгъур ткIуху псори зэхагъэзэрыхь, ар хьэжыгъэм хуащIа кумбым иракIэри, тхьэвыр япщ. Тхьэвыр кIыхьу ягъэджэрэзри, Iыхьэурэ зэпаупщI, ахэр хупхъэкIэ пIащIэу яху, мм 1,5-2 я Iувагъыу. Адрейхэм нэхърэ нэхъ ину зы тхьэв Iыхьэ яху, Iэнэм тхъу щахуэри, ар тралъхьэ. Абы тхъу щахуэ, фошыгъуи трагъэщащэ. Тхьэв яхуа псори, я зэхуакум тхъу щахуэм, фошыгъу дагъэлъалъэурэ лъагэу зэтралъхьэ. ИтIанэ и лъабжьэ дыдэм щIэлъ тхьэв иным и кIапэхэр къыдрашейри, зэтралъхьа псоми я щIыIум джэдыкIэпскIэ щызэкIэрагъапщIэурэ. ЩIакхъуэр тхъу зыщыхуа тебэм хуэсакъыу иралъхьэ, и щхьэм шатэ щахуэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, и щхьэфэр дыщафэ хъуху (дакъикъэ 20-25-кIэ) ягъажьэ. Хьэзыр хъуа щIакхъуэзэтеупIэщIыкIым тебэм зэрилъу и щхьэфэм псы щIыIэ тIэкIу щахуэ, тебащхьэр трапIэжри, нэхъ щабэ хъун щхьэкIэ дакъикъи 10-12-кIэ щагъэт. ИтIанэ Iыхьэурэ зэпаупщIри, Iэнэм трагъэувэ. Шей драф, шху, шатэ дашх. ЩIакхъуэзэтеупIэщIыкIыр зэращIыр тхъущIэкIэщ. Тхъур жьымэ, абы мэ гурымыхь къыхех.

***Халъхьэхэр:*** гуэдз хьэжыгъэу грамм 600, шхуэ грамм 300, тхьэвым халъхьэ джэдыкIэу 1, тхьэвым щахуэ джэдыкIэу – 1, шыгъуу грамми 2, содэу грамми 4, шатэу грамм 25-рэ, фошыгъуу, тхъууэ, сэхуран дагъэу узыхуейм хуэдиз.

### Лы гъэбэкхъа, кIэртIоф щIэлъу

Мы шхыныгъуэр былымылми мэлылми къыхэпщIыкI хъунущ. Лыр тыкъыр цIыкIуурэ, г 30-40 хъууэ, яупщIатэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэжэпхъ, шыгъу хадзэри, фIыуэ зэIащIэж. Лы шыуар дагъэ къэплъам мыIув дыдэу халъхьэ. МафIэр ин ящIри, зэIащIэурэ ягъажьэ, тхъуэплъ хъуху. ИтIанэ абы щIакIэ лэпс е псывэ, зэIащIэри, тебащхьэр тепIауэ, мафIэ мыиным тету ягъэбэкхъ дакъикъэ 20-25-рэ хуэдизкIэ. Ар зэрызэфIэкIыу, IупщIэурэ упщIэта кIэртIоф, щхьэхуэу гъэжьа бжьыныщхьэ халъхьэ, зэIащIэ, тебащхьэр трапIэжри, мафIэ цIыкIум тету хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Хьэзыр хъуа шхыныгъуэм джэдгын трагъэщащэри тебащхьэр тепIауэ дакъикъэ зытхухкIэ щагъэт, мэ гуакIуэ къищтэн щхьэкIэ. Iэнэм щытрагъэувэкIэ зэIащIэ. ЗэрызэщIэлъу тепщэчым иралъхьэри пщтыру яшх, пIастэ, мырамысэ хуабэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** лыпцIэу грамм 200, кIэртIоф укъэбзауэ грамм 50, бжьыныщхьэ укъэбзауэ грамм 30, щэ гъэткIуауэ грамм 60, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну узыхуейм хуэдиз.



*«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● ЗэвгъэщIэ

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Воробей снежный** - уэсбзу.
**Волчок** - бгъэкIэхьцIыкIу.
**Вяхирь** - тхьэрыкъуэпщэху.
**Бородач** - бланэукъ, къущхьэхъубгъэжь, мэлыхьбгъэжь, щынэхь, щынэхьыбгъэ, щынэхьбгъэжь.
**Галстучник** - щхьэщ, пшахъуэджэд.
**Дубонос арчовый** - къуршдубэкъ.
**Жаворонок рогатый** - уэсхьэгуагуэ.
**Журавль даурский** - даур кърру.
**Зеленушка кавказская** - бзуудзыфэцIыкIу.
**Зяблик** - румат.
**Красавка** - кърупщэфIыцIэ.
**Краснозобик** - бгъэгуплъ.
**Лунь луговой** - хъупIэжьец.
**Орел** - бгъэ, бгъэжь.
**Пеликан кудрявый** – жьэдзыуэин.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ЩIалэ гужьеяр ... хъуащ. Е Iэрпхъуэр. **5**. Гъэгъа Iэрамэ хужьхэр куэду къызыпыкIэ жыг. **6**. Шыбжий фIыцIэм апхуэдэуи йоджэ. **9**. Мэжджыт кIуэцIым иIэ уаз тыпIэ. **11**. Совет зэманым а ахъшэ жьгъейм зы сеныч дестэ къыщIэкIырт. **14**. Курыт Азиеми, адыгэми ди IуэрыIуатэм хэт лIы гушыIэрей. **16**. Iэщым хузэхащIэ Iус. **19**. Егъэлеяуэ фIыцIэ.

***Къехыу:*** 1. ГъущI быдэ лIэужьыгъуэ. **3**. ... зиIэм кIэи иIэщ. **4**. Купсэ кIыхь зиIэ удз лIэужьыгъуэ. ЦIыхум яшх. **5**. ЦIыхубз щыгъын. **7**. ... зыгъуэт нэху тещхьэркъым. **8**. Джэдхэм я жэщ егъэзыпIэ. **9**. «Щихухэр иджыри ...» - Къэрмокъуэ Мухьэмэд цIэрыIуэ зыщIа, цIыхухэм зэIэпахыу щIаджыкIа повесть. **10**. Къуалэбзуушхуэ. **12**. Шатэ е тхъуцIынэ гъэвэжам я щхьэм къытрещIэ. **13**. ... вы бжьакъуэм къокI. **15**. Ар зыми имылъэгъуами, апхуэдэ пэшэгъу зиIэ цIыхубз щыIэу яIуатэ. **17**. ... джэдыгу. Е мэлыфэ гъэтэджа. **18**. ... зимыIэм шкIэ щIещIэ.

*Зэхэзылъхьар* **Саут СулътIанщ.**

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | 2 | | 3 | | 4 | | |
| | | | ■ | | ■ | | | |
| 5 | | | | ■ | 6 | | | 7 |
| | ■ | ■ | ■ | 8 | ■ | ■ | ■ | |
| | 9 | | | | | | 10 | |
| | | ■ | ■ | | ■ | ■ | | |
| | 11 | | | | | | | |
| 12 | ■ | ■ | ■ | | ■ | ■ | ■ | 13 |
| 14 | | 15 | | ■ | 16 | 17 | | |
| | | | ■ | 18 | ■ | | | |
| 19 | | | | | | | | |

***Мэкъуауэгъуэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Нэкулъ; **3**. Дерс; **7**. БгъэIулъ; **8**. Бэрэжьей; **11**. Тхьэгъуш; **13**. Къуапэ; **14**. Хъудыр.

***Къехыу:*** **1**. Нэгъуд; **2**. Кумб; **4**. Еплъ; **5**. Сабэ; **6**. ШэгъэфIэIу; **9**. Бжыкъу; **10**. Епэр; **11**. Топ; **12**. Шэд.

● ГъэщIэгъуэнщ

## Тхыдэм къыхэщыж самурай цIыхубз цIэрыIуэхэр

**Томоэ Годзен** (1157-1247), Минамотэ но Ёсинаки и щIасэ;

**Ходзё Масако** (1156-1225) Минамотэ но Ёритомэ и щхьэгъусэ;

**Хангаку Годзэн** – зауэлI мини 3-м я дзэзешэу мини 10 ирикъу дзэм езэуащ. Хангаку шабзэкIэ уIэгъэ ящIщ, гъэру яубыдри, Минамотэ сёгуным деж яшащ. Абдежым Асари Ёситэ хьэщыкъ къыхуэхъури, сёгуным лъэIукIэ зыхуигъэзат пщащэр щхьэгъусэу къритыну. Апхуэдэу, Хангаку хахуэр ажалым къелауэ щытащ икIи Ёситэ дэкIуащ;

**Наканэ Такэкэ** (1847-1868) – Токугава сёгуным хуэлэжьащ. И зиусхьэныр яукIа нэужь, быдапIэр зыхъумахэм яхэтащ, абыи щыхэкIуэдащ.

● Узыншагъэ

## Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ

Лъыр зи мащIэ цIыхум щынэ цIыкIу хуаукIырти и тхьэмщIыгъур хуабэу кърахырт, тыкъыр цIыкIуу яупщIатэрти, имыгъэныщкIуу ирагъэгъэлъэтэхырт. Хуэмышхыу Iумпэм ищIмэ, ягъэвэпхъырт.

* * *

Дзэр быдэ хъун щхьэкIэ гуэдзым къыхэщIыкIа кIытэ я жьэм жьэдалъхьэри, ягъэныщкIуурэ жьэдагъэлъ, яхуэшэчыху, итIанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэурэ илъэсым кърриубыдэу тхуэ-хэ ящI.

* * *

Тэмакъыдзэр адыгэм зэригъэхъужу щытар: адыгэ бжьыныщхьэ гъэвар сымаджэм жьэдрагъалъхьэрти, пщтыру жьэдагъэлът упщIыIуху, Iэмал иIэмэ пэкIэ ягъэбауэурэ. Апхуэдэурэ махуищ-плIыкIэ зрагъэхьэлIэрти, сымаджэр хъужырт. ЩащIыр гъуэлъыжыгъуэм дежт.

● Гъуазджэ





# Сабийхэм я таурыхъ лъапсэ

**Сабий садхэм екIуалIэ цIыкIухэм зыщагъэпсэху утыкухэр, дызэрыщыгъуазэщи, щхъуэкIэплъыкIэу ялэ, хъыринэ, бгы IэрыщI цIыкIу, нэгъуэщI-къинэмыщIхэмкIэ ягъэбей. ЩIэблэм нэхъыфIу, нэхъ дахэу щыIэр хуагъэфащэу ахэр къызэрызрагъэпэщыр гуапэщ, гуапагъэр зыхащIэу ныбжьыщIэхэр къэгъэхъунымкIэ ахэр зэрыщхьэпэр хьэкъщ. Ауэ апхуэдэ сабий сад дахэ унней пщIантIэм дэту куэдым ялъэгъуауэ си гугъэкъым, абы щыгъуэми ар лъапсэр зейхэм я IэкIэ ящIыжауэ. Апхуэдэ зы хадэ гъэщIэгъуэнщ Урыху къуажэм щыщ Блий ФатIимэ и лъапсэр, фIыуэ илъагъу «Яжьэ гуащэ» («Золушка») псысэм и цIэр зыфIищар.**

КУЭД щIауэ зэхэсхырт абы и хъыбар, ауэ си лъэ нэзмыхусыфурэ нобэм къэсащ. Зы махуэ Iуэху сщIыри сыхуеблэгъащ си нысэгъу нэхъыжьым икIи гуапэу дызэбгъэдэсащ, и зэчийм, къежьапIэ хуэхъуам и гугъу езгъэщIащ. Абы щыслъэгъуар гъэщIэгъуэн сщыхъуащ жысIэнри зыри жызмыIэххэнри зыщ.

ФатIимэрэ и щхьэгъусэ Владимиррэ (псэужкъым, и ахърэт нэху Тхьэм ищI) зэгъусэу кърагъэжьат мы хадэр гъэщIэрэщIэныр. Я къуэрылъху-пхъурылъхухэм яфIэгъэщIэгъуэнын хуэдэу зыгуэр ящIыну хуейуэ арат. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэхутащ бгъэкIэрахъуэ хъу хъыринэр, «Аврора» зыфIаща кхъухьыр, кхъухьлъатэр, унэ цIыкIур, шылъэгухэр зыхэс, мывэм къыхэщIыкIа псыутхыр, сабий псыгуэныр. Илъэс къэс абыхэм къахохъуэ, нэхъ дахэж мэхъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2014 гъэм екIуэкIа Олимп джэгухэм я дамыгъэу щыта мыщэ цIыкIум и теплъэр машинэ шэрхъхэм къыхащIыкIат. Иджыпсту абы итщ гъущIкIэ щIа, зыщыбгъэпскI хъу псыгуэнышхуэ, псыкъуий («Ну, погоди!» таурыхъым и сурэтым и гуэдзэнщ), уд фызыжьым и унэ, хъыринэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри. Нэр зыгъэгуфIэщ, псэр дэзыхьэхщ сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэр. Мэзым щыпсэухэм, псыр зи хэщIапIэхэм, яжьэ гуащэм, Василисэ дахащэм, нэгъуэщI лIыхъужьхэми ятеухуа плIанэпэхэр хадэмкIэ гъэза гуэщ блыным, мывэ бжыхьым тещIыхьахэщи, къопсэлъэным хуэдэщ. Псыутхым хэс благъуэхэр, удзыпцIэм хэт, псысэм къыхэкIа лIыжь цIыкIухэр, къэб, цIыв хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри езым игъэжри ицIэлэжащ. А псор гъэдэхэжащ удз гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ, щхъуантIагъэр апхуэдизкIэ щыкуэдщи, IэпкълъэпкъкIи псэкIи зыщыбогъэпсэху. Мы хадэм хуэдэ дыдэу гулъытэ лей къелэжь ФатIимэ и унэ пщIантIэми: псей зэхуэмыдэхэр, жыгхэр, удз зэмылIэужьыгъуэхэр дахащэу зехьащ, щIэщащи, и Iэр абыхэм къазэрыкIримыгъэкIри наIуэщ.

Мыпхуэдиз дахагъэр зи IэрыкI ФатIимэ сурэт щIыным хуеджакъым. Дэрбзэр еджапIэр къэзыуха къалэ хъыджэбз цIыкIур унагъуэ ихьа иужь, къалэнхэр куэд хъури дэн Iуэхуи зэрихуэжакъым. Ауэ сытым дежи и псэр зыгуэрым хуэпабгъэрт. Езы ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, Налшык и библиотекэхэм кIуэурэ таурыхъхэр зэрыт тхылъхэр къаIихыу, ахэр фIэгъэщIэгъуэну щIиджыкIыу щытащ. Псэхугъуэ зыгуэрым къримытми ярейт. Зэман дэкIауэ, и зэчийм езыр къигъуэтыжауэ жыпIэ хъунущ.

- Си пхъурылъху цIыкIум иIыгъыу слъэгъуащ цIэлэжын хуейуэ сурэт дахэшхуэхэр зэрыт тхылъ IувыфI. ЗэзгъэдзэкIащ, сеплъащ, куэд щIауэ сызыхуейуэ схуэмыгъуэтым хуэдэт. Сышынэрт къызэмыхъулIэнкIэ, ауэ, зэрыплъагъущи, Iуэху мыублэ блэ хэсщ. СщIым-тезгъэкIыжурэ мы плъагъухэр Iэм ищIащ.

И къуэ Рустамщ ФатIимэ игъэщIэращIа, лэч зэмыфэгъухэмкIэ ила хьэпшыпхэр гъущIым къыхэзыщIыкIыр. Япэ дыдэу хадэр къызэгъэпэщын гупсысэр къыщежьар абы и къуэрылъху Руслан ныбэм щилъэращ. АдэкIэ адрей и къуэрылъхухэри, и пхъурылъхухэри щытеуащ, къыщыхъуащ.

Блийхэ яфIэфIщ хьэблэ, къуажэ сабийхэр къыщыкIуэкIэ, нэхъыбэм зэхахыу къащыхуеблэгъэнум пэплъэу я бжэр зэIухащ. Щыгъуазэри, зыщIэри, къакIэлъыкIуэри мащIэкъым, цIыхуфI зэрихьэлу, псоми къахуэгуапэщ ФатIими, и къуэ Рустами, и нысэ Мадини. «СфIэфI дыдэщ мы жьауэм щIэсу, сщIахэм итIысхьэ-икIыжу, хъыринэхэм ещIэу цIыкIухэм зыщагъэпсэхукIэ. Ауэ зы закъуэщ абыхэм я адэ-анэхэм япэзубыдыр - тIысу щымысу я бынхэм кIэлъыплъыну. Утыкур зэрымыин дыдэм къыхэкIыу хьэпшыпхэр зэпэгъунэгъуурэ дгъэувын хуей хъуащи, бетэмалщ къажьэхэуэныр», - жеIэ унагъуэм я нэхъыжьым.

Берычэтыгъэм и нэщэнэу игъащIэми адыгэм ибж дэшхуейм и лъабжьэм щIэт сабий къалэ цIыкIур уней сабий сад пщIыну уасэ иIэкъым. Ауэ мылъку щхьэкIэ ар къезымыгъэжьа Владимиррэ ФатIимэрэ, абыхэм я щIалэ IэкIуэлъакIуэ Рустам сымэ я псэ хуабагъэр зыхэлъ зыгъэпсэхупIэм пщIэншэу сабийхэр къакIуэу, гуапагъэр щыпэкIу унагъуэм и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм - цIыхуфIыгъэмрэ насыпымрэ - зыхагъэпсэкIыхьу дэкIыжыныр нэхъ къащтэри, ФатIимэ бын гуфIэгъуэ щымыщIэну, абыхэм я быныжхэм я хэхъуэ куэд илъагъуну ди гуапэщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **ИСТЭПАН Залинэ** *ейщ.*






● Курыт еджапIэхэм

## Хэкупсагъэр зищIысыр

**Бабугент жылэм дэт, Батчаевэ Р. и цIэр зезыхьэ курыт школым щекIуэкIащ «Сыт хэкупсагъэр зищIысыр?» зыфIаща «стIол хъурейр».**

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ Шэрэдж щIыналъэм и прокуратурэмрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым КъБР-м щиIэ къудамэмрэ. Абы хэтащ къулыкъущIэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я мызакъуэу, Хэкур хъумэным и уасэр зи щхьэкIэ къэзыщIахэри.

Нобэ граждан-хэкупсэ гъэсэныгъэм къаруущIэ, мыхьэнэщIэ игъуэтауэ жыпIэ хъунущ. Зэи хуэмыдэжу гулъытэ хуащI къэралым и цIыху хъунухэр школ ныбжьым къыщыщIэдзауэ гъэсэным, щалъхуа щIыпIэхэм лъагъуныгъэ хуаIэу, Хэкум и пащхьэ щахь жэуаплыныгъэр кууэ къагурыIуэу ныбжьыщIэхэр къыдэгъэкIуэтеиным.

ЕджакIуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ я зэIущIэр гуапэу, дзыхь я зэхуаку дэлъу екIуэкIащ. НыбжьыщIэхэр зыщIэупщIа псоми жэуап ягъуэтащ. ШколакIуэхэм я упщIэ мытыншхэмрэ хьэщIэхэм я жэуап убгъуахэмрэ зэпсэлъэныгъэ щхьэпэ къриkIуащ икIи кууэ щызэпкърахащ хэкупсагъэм и мыхьэнэмрэ зэIущIэм къекIуэлIахэм ящыщ дэтхэнэми и еплъыкIэмрэ. Псом хуэмыдэу гукъинэж хъуащ дзэ Iуэху хэхам и ветеран Чеченов Эльдар и къэпсэлъэныгъэр. ЩIалэгъуалэм защыхуигъазэм абы жиIащ: «Хэкупсагъэр псалъэ къудейкъым. Ар псэм и щытыкIэщ, къэралыр зыхэт Iуэхур уэ уи щхьэ Iуэхум хуэдэу зыхыбощIэ. Абы къыхэкIыу, Хэкур къыщоджэкIэ, зыми уемыгупсысу уи щхьэр тыхь хубощI, пхузэфIэкI псомкIи зыщIэбгъэкъуэну ухьэзырщ».

«Хэкупсэу фэри фыщытщ, - захуигъэзащ абы еджакIуэхэм. - Абы ифI зыхэлъ Iуэху махуэ къэс фощIэ, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэ къулейр фодж, фохъумэ».

Чеченов Эльдар и гъащIэр лIыгъэмрэ щIыхьымрэ я щапхъэ нэсщ. Ар зи пащхьэ ита школакIуэхэми щапхъэ зэрытрахам шэч хэлъкъым.

## ЛIыгъэм и дерс

**Табыхъу Хь. и цIэр зэрихьэу Анзорей къуажэм дэт курыт школ №2-м ЛIыгъэм и дерс щекIуэкIащ. Ныбжь зэхуэмыдэхэм ит еджакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ къалэным, щIыхьым, лIыхъужьыгъэм.**

ЗЭIУЩIЭМ хьэщIэ лъапIэу кърагъэблэгъат дзэ Iуэху хэхам хэта, зауэм и ветеран ДзыхьмыщI Мартин Хьэжысмел и къуэмрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и социальнэ координатор Къалэбатэ Рузанэрэ.

Мартин школакIуэхэм ядэгуэшащ зауэлIым и ныбжьэгъухэм я хъыбархэмкIэ, къызэринэкIа гугъуехьхэм, къарур Iэщэм и мызакъуэу, цIыхум и псэми хэлъын зэрыхуейм, фронтым къыщыхъуа Iуэхугъуэ гуэрхэм теухуа гукъэкIыжхэмкIэ.

- Фронтым ущыIутым деж нэхъыщхьэр фIыуэ къыбгуроIуэ: дэ дыщIэзауэр щIыналъэракъым, атIэ нобэ партэхэм дэс фэ сабийхэрщ. Фэ феджэн, фыпсэун, фыгуфIэн, фызыхуей фыхуэзэн, зауэр фымыгъэунэхун щхьэкIэщ. Фи тхыдэм фыхуэсакъ, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэфщI, фIыуэ флъагъухэр фхъумэ, - яжриIащ ДзыхьмыщIым еджакIуэхэм.

Къалэбатэ Рузанэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэм, дэтхэнэ еджакIуэри иджыпсту дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэхэм зэрадэIэпыкъуфынум. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэми зауэ губгъуэт ит щIалэм псалъэ гуапэхэр зэрыт письмо итх хъунущ. Ар абыхэм хуабжьу я гуапэ мэхъу, куэдми трегъэгушхуэ. «Фэрэ дэрэ ди къалэныр ди лIыхъужьхэр дигу илъынырщ, я Iыхьлыхэм гугъуехьхэр ящхьэщыхынырщ. Сыныфхоплъэри, гур хэзыгъахъуэ щIэблэ дахэ солъагъу. ДэIэпыкъуныгъэмрэ гумащIагъэмрэ куэд хэлъкъым, фи гъунэгъу, фи благъэ ветеранхэм пщIэрэ фIыщIэрэ яхуэфщI», - жиIащ Рузанэ.

Дерсыр щиухым школакIуэхэм хьэщIэхэм IэгуауэкIэ фIыщIэ хуащIащ икIи Хэкум и хъумакIуэхэм я фэеплъыр иригушхуэу яхъумэну къагъэгугъащ. ЕгъэджакIуэхэм къыхагъэщащ мыпхуэдэ зэIущIэхэм сабийхэр хэкупсагъэмрэ граждан жэуаплыныгъэмрэ зэрыхуагъасэр.

**ШЭРIУЖЬ Даянэ.**

# Сом мелуан 18-м щIигъу

**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ «Интер» ООО-м и унафэщI Мовян М.В. илэжь хабзэншагъэр.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, абы КъБР-м Финансхэмкlэ министерствэм Iэригъэхьащ ахъшэхэр зэриутIыпщам теухуа дэфтэр нэпцI. Апхуэдэ хабзэншагъэм къикIуащ сом мелуан 18-м щIигъу хэщIыныгъэ.

КъБР-м и Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Мовян М.В. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 187-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьам къыхэкIыу. ЯмыгъэтIысу абы зы илъэсрэ мазихрэ тралъхьащ, къуэды ипшынынри щIыгъуу.

## Фыдогъэблагъэ!

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.***
***«Б» дивизионым и Япэ гуп. ЕпщыкIущанэ джэгугъуэ***
**«Спартак-Налшык» - «Заря» (Луганск)**
***Налшык. «Спартак» республикэ стадион.***
***Мэкъуауэгъуэм и 20-м.***
***Сыхьэт 17-м.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.283
Заказыр №1274

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А